НУН И КЪУЭ ЙУШЭ И ТХЫЛЪЫР

НУН И КЪУЭ ЙУШЭ И ТХЫЛЪЫР

ФІыцІагъэ ЛъапІэр зэдзэкІынымкІэ институт
Мэзкуу, 2026

Нун и къуэ Йушэ и тхылъыр

ЗэзыдзэкIар Джыназ Заремэщ

Тхыгъэ ЛъапIэм щыщу адыгэбзэкIэ
зэрадзэкIа тхылъхэм я электрон
жыпхъэхэмрэ аудиощапхъэхэмрэ фэ
къыщывгъуэтыфынущ Тхыгъэ ЛъапIэр
зэдзэкIынымкIэ институтым
и сайтым ibt.org.ru/ru/media?id=KBD

© Институт перевода Библии, 2026

ПЭУБЛЭ ПСАЛЪЭ

Тхылъыр зэрызэхэтыр

1:1–5:12 Тхьэм и унафэм тету Исрэlилыр Нун и къуэ Йушэ и пашэу lурдын йоклри Тхьэм зэригъэгугъа Хьэнэней щlыналъэм йохьэ.
5:13–12:24 Йушэ исрэlилхэр щlыгъуу щlыгухэр къезэури, къалэхэмрэ щlыналъэхэмрэ ТХЬЭМ трelуэ.
13:1–21:45 Йушэрэ тхьэмадэхэмрэ щlыгур ягуэш, исрэlил лlакъуэ къэс lыхьэ къылъысу.
22:1–24:33 Исрэlилым ТХЬЭМ хуэжьlэщlэну мурад ещl.

Тхылъыр зытеухуамрэ зыхуэгъэпсамрэ

«Нун и къуэ Йушэ и тхылъыр» Мусэ и Тэурэтым къыклэлъоклуэ. Флыщlагъэ Лъапlэм тхыдэ тхылъклэ зэджэу хэтхэм япэу итыр мыращ. Абы къыщыlуэта lуэхугъуэхэр Хьэнэней щlыналъэм щоклуэкl, зэманклэ зыхуэзэр Мусэ дунейм щехыжарщ. Тхылъым и лlыхъужь нэхъыщхьэр – Нун и къуэ Йушэщ. Абы теухуа хъыбархэм адыгэ lуэрыlуатэми ущрохьэлlэ. Тэурэтым зэритымклэ, япэщlыклэ ар Мусэ и дэlэпыкъуэгъу нэхъыщхьэу щытащ, иужьклэ исрэlилхэм я пашэ хъури къригъэзэну Хьэнэней щlыналъэм иришащ.

Мы тхылъым къыщыlуэта зауэм щызэрахьа гущlэгъуншагъэм укъегъэуlэбжь. Мыбы куэдрэ ущрохьэлlэ «Псэ зыlут зыри къамыгъанэу къалэдэсхэр ТХЬЭМ хуагъэклуэду джатэщхьэрыклуэ ящlащ… Пщыгъуэу хъуар, япщхэри дэклуэу, Йушэ джатэщхьэрыклуэ ищlащ» жиlэу (11:11-12). Ауэ иужьклэ къыдощlэ псэууэ къэна зэрыщыlэри, тхылъыр щатха лъэхъэнэм хуэзэу

ахэр исрэlилхэм зэрызэдагъэпсэури – зэми зэрагъунэгъур яшэчу (еплъ 13:13; 15:63), зэми ягъэпщылlу (еплъ 16:10; Гъуазэхэм – 1:27-36). Сыт апхуэдэ зэтемыхуэныгъэр къызыхэкlыр?

Тхыдэджхэр щыхьэт тохъуэ а лъэхъэнэм бийр зэрыхагъэщlам щытетхыхьыжкlэ «зы цlыху псэууэ къамыгъанэу» жыхуиlэри абы и мыхьэнэр къикlыу мы тхылъым узрихьэлlэхэ жыlэгъуэхэри къэгъэсэбэпыныр Къуэкlыпlэ Гъунэгъумкlэ хабзэу зэрыщытар. Хуэбгъэфащэ зэрыхъунумкlэ, «Нун и къуэ Йушэ и тхылъыр» зытхам а lэмалыр къигъэсэбэпу къигъэлъэгъуэну хуейт Тхьэм Мусэ пщэрылъ хуищlахэр Йушэ гушхуауэ зэригъэзэщlар. «Арат ТХЬЭМ Мусэ унафэу хуищlауэ щытар, езы Муси Йушэ и пщэ ирилъхьар. Ар Йушэ нэгъэсауэ игъэзэщlащ» (11:15). Абы къегъэлъагъуэ Тхьэр и псалъэм зэрытетыжар – Хьэнэнеи щlыналъэр исрэlилхэм я lэмыщlэ зэрырилъхьар.

А щlыгур исрэlилхэм етыным и закъуэтэкъым Тхьэм и мурадыр. Ар хуейт а хэгъэгум Тхьэм и лъэпкъ щигъэпсэуну, езыри абы яхэтыну. Мы зэддзэкlа тхылъым ущрихьэлlэ «ТХЬЭМ telya хъун», «гъэкlуэдын», «лъапсэрыхыр къыхуэгъэкlуэн» жыlэгъуэхэм къагъэлъагъуэр «зэрыщыту икlэщlыпlэкlэ Тхьэм етын, цlыхум пэlэщlэ щlын» мыхьэнэр зиlэ журт псалъэрщ. Ар щlыгууи псэущхьэуи щрет, е Тхьэм и Унэм къыщlэнэ хьэпшыпи ирехъу. Мы тхылъым куэдрэ ущрохьэлlэ къалэхэр зэрыщыту щlым щыщ ящlыжу. Абы щхьэусыгъуэ иlэщ: къалэхэм дэса зы цlыхуи, дэлъа зы хьэпшыпи, зы псэущхьи исрэlилхэм къахуэнэ хъунутэкъым. А лъэхъэнэ бзаджэм абы къикlыр зыт – гъэкlуэдын. Апхуэдэ щlыкlэкlэ исрэlилхэм щlыналъэр я lэмыщlэ къизылъхьа Тхьэм къазэур тыхь хуащlт. Тхьэр и лъэпкъым и гъусэн щхьэкlэ «исрэlил лъэпкъыр Шылэу щызэхуэсри, [Тхьэм

и] Шэтыр Лъапlэр щагъэуващ. Хэгъэгур зэрыщыту яубыдат» (18:1).

ЩIыгур къазэуащ, ауэ Исрэlилыр Тхьэм адэкlи хуэпэжыну пlэрэ? Абы езы Йушэ дыди шэч къызэрытрихьэм теухуауэ тхылъым и иужьрей lыхьэм дыкъыщоджэ: «Фэ ТХЬЭМ фыхуэжыlэщlэфынукъым!» Абы къыбгурегъаlуэ Тхьэм къалъигъэса щIыгум ис исрэlилхэм я мамыр гъащIэм кlэ зэригъуэтынур. Абы теухуащ «Гъуазэхэм я тхылъри» къыкlэлъыкlуэ тхылъхэри.

ЯПЭ ІЫХЬЭ

Тхьэм Нун и къуэ Йушэ Хьэнэней щІыналъэр иубыдыну унафэ зэрыхуищІар

1 1 Мусэ дунейм ехыжа нэужь, ТХЬЭМ* Нун и къуэ
Йушэ, Мусэ и дэлэпыкъуэгъум, жриІащ: 2 «Си жыІэщІэ
Мусэ дунейм ехыжащ. Иджы уэ исрэІилхэр пщІыгъуу
Іурдыныпсым узэрикІынум зыхуэгъэхьэзыр. Исрэіил лъэ-
пкъым ест щІым фихьэну къыфпэщылъщ. 3 Мусэ къызэ-
рызгъэгугъам сытету, фи лъэр зытеувэ щІыр фэстынущ.
4 Пшахъуэщl нэщІым щыщІэдзауэ ливан бгылъэхэм нэс зау-
бгъунущ фи щІыгухэм, Фэрат псышхуэм щегъэжьауэ (хьет-
хэм ящІу хъуари хиубыдэу) къухьэпІэмкІэ ЩІыкурытыхым[a]
нэсынущ. 5 Упсэухукlэ зы цІыхуи къыппэщІэувэфынукъым.
Мусэ сызэригъусам хуэдэу, уэри суригъусэнущ. Сэ уэ зэи
укъэзгъэнэнукъым икІи узбгынэнукъым.

6 Быдагъэ зыхэгъэлъ, къигъэкl уи лІыгъэр, фи адэжьхэр
быдэу щІэзгъэгугъа щІыгум ипшэу ар лъэпкъым къалъыбгъэ-
сын щхьэкІэ. 7 Быдагъэ зыхэгъэлъ, къигъэкl уи лІыгъэр. Си
жыІэщІэ Мусэ къыпхуигъэна Хабзэми утемыкl. Зыхуумыщl
абы ижьи сэмэгуи, мис итІанэ дэнэкІэ умыгъазэми, уехъулІэнущ.
8 Мусэ итхыжа Хабзэм хэт псалъэхэр сытым дежи уи бзэгупэм
тырырелъ; абыхэм жэщи-махуи егупсыс, зэрит дыдэм хуэдэуи
гъэзащІэ. Итlанэ уэ уи Іуэху дэкІынущ, ехъулІэныгъи уиІэнущ.
9 Быдагъэ зыхэбгъэлъыну, уи лІыгъэри къибгъэкІыну унафэ
пхузощl. Сэращ ТХЬЭР, уи Тхьэр, гъусэ сыпхуэхъунущ дэнэ
умыкІуами, умышынэ икІи умыдзыхэ».

10-11 Арати, Йушэ исрэІилхэм я пашэхэм унафэ яхуищІащ
цІыхухэм хъыбар ирагъэщІэну: «Махуищ дэкІым, Іурдын
фызэпрыкІынущ ТХЬЭМ, фи Тхьэм, къывит щІым фихьэу
фубыдын щхьэкІэ. Аращи, гъуэмылэ зэвгъэпэщ».

---

[a] **1:4** Журт. “Хышхуэ”.

12 Итlанэ рэбилхэр, джадхэр, Минащ и лlакъуэм и ныкъуэр
Йушэ зэхуишэсри, яжриlащ: 13 «Фигу къэвгъэкlыж ТХЬЭМ
и жыlэщlэ Мусэ унафэу къыфхуигъэнар: “ТХЬЭМ, фи Тхьэм,
псэхугъуэ къывитащ икlи мы щlыгур тыгъэ къыфхуищlащ”.
14 Фи щхьэгъусэхэр, сабийхэр, lэщыр Мусэ къывитауэ lурдын
къуэкlыпlэмкlэ къыщылъ мы щlыр увыlэпlэ хуэфlщ хъунущ,
ауэ фи зауэлlхэр lэщэкlэ зыщlэузэдауэ фи къуэшхэм япэ иту
псым икlын хуейщ. Фи лъэпкъэгъухэм фадэlэпыкъуну фи
пщэрылъщ, 15 фэ ТХЬЭМ псэхугъуэ къызэрывитам хуэдэу
абыхэми яритыху, ТХЬЭМ, фи Тхьэм, ахэр къызэригъэгугъа
щlыр къаlэрыхьэху. Иужькlэ къэвгъэзэжи ТХЬЭМ и жыlэщlэ
Мусэ къывитауэ lурдын и къуэкlыпlэмкlэ къыщылъ мы щlыгум
фыщыпсэу».

16 «Уэ сыт хуэдэ унафэ къытхуумыщlми, дгъэзэщlэнущ, –
къратащ абыхэм жэуап Йушэ, – дэнэ думыгъакlуэми, абыкlэ
дунэтlынущ. 17 Мусэ и псалъэм дызэрытетам хуэдэу, уэри уи
псалъэм дытетынущ. Ауэ, ТХЬЭР, уи Тхьэр, Мусэ гъусэ зэ-
рыхуэхъуам хуэдэу, уэри пхурехъу. 18 Уи унафэм текlыу, уи
псалъэ (ар сыт хуэдэу щымытми) емыдаlуэ дэтхэнэ зыми ажа-
лыр къыхуэдгъэкlуэнущ. Уэ быдагъэ зыхэгъэлъ, уи лlыгъэ
къигъэкl къудей!»

ЕТlУАНЭ lЫХЬЭ

Рэхъэбрэ тlасхъэщlэххэмрэ

2 1 Нун и къуэ Йушэ щитlысыкlа Шытlым щlыпlэм
иригъэкlри тlасхъэ щlахыну цlыхуитl игъэкlуащ.
«Фыкlуэ, къэфплъыхь мы щlыгур, – яхуищlащ абы унафэ, –
псом хуэмыдэу Йэрыхъуэ къаlэр». Ахэр ежьэри Рэхъэбкlэ
зэджэ цlыхубз къэхьпэ гуэрым и унэм екlуэлlащ, абы и деж
нэху къыщекlыну.

2 «Ныщхьэбэ исрэIил гуэрхэр къытхыхьащ ди щIыгур
къаплъыхьыну», – нагъэсащ Йэрыхъуэ къалэм и пащ-
тыхьым деж. 3 Арати, пащтыхьым Рэхъэб мыпхуэдэ уна-
фэ къыхуригъэхьащ: «Уи унэм некIуэлIахэр къыдэт, ахэр
тIасхъэщIэхыу аращи».

4 Ауэ цIыхубзым лIитIыр игъэпщкIуат. Абы къыхуэкIуахэм
яжриIащ: «Пэжщ, ахэр си деж къекIуэлIат. Ауэ сэ сщIакъым ахэр
къыздикIар. 5 Пшапэ зэхэуэгъуэм, къалэ дыхьэпIэхэр хуащIыжын
ипэ, ахэр дэкIыжащ. ДэнэкIэ яунэтIами сыщыгъуазэкъым.
Псынщ Iэу факIэлъыпхъэрмэ, факIэлъэщIыхьэнущ». 6 Езым
тIасхъэщIэххэр унащхьэм дришейри, абы телъ чэтэн* пхырхэм
хигъэпщкIуакIэт.

7 Пхъэрхэр IурдыIпсы тепхъэм хуэзышэ гъуэгум теувэри
тIасхъэщIэххэм якIэлъыщIэпхъуащ. Ахэр зэрыдэкIыу къалэ
дыхьэпIэр ягъэбыдэжащ.

8 TIасхъэщIэххэр жеижын ипэ, цIыхубзыр унащхьэм
дэкIуейри яжриIащ: 9 «Сэ сощIэ ТХЬЭМ мы щIыгур фэ
къызэрывитар, аращ дэ шынэм дыщIызэщIищтар. Мы
щIыгум щыпсэууэ хъуар ажалым хуэдэу къыфщощтэ.
10 Мысырым фыкъыщикIыжым, ТХЬЭМ фэр щхьэкIэ
Къамылыхыр зэрыригъэгъущыкIам и хъыбарыр зэхэтхащ;
IурдыIи къуэкIыпIэ лъэныкъуэмкIэ щытепщэ амэрей
пащтыхьитIыр, Сихъуэнрэ Iуэгъурэ, Абы зэрыхуэвгъэкIуэдам
дыщыгъуазэщ. 11 Ар щызыхэтхам, ди гур махэ хъури ди
къарур кIуэщIащ: ТХЬЭР, фи Тхьэр, уафэми щIыми зэ-
рыщытепщэр къыдгурыIуащ. 12-13 ТХЬЭМ и пащхьэм фи-
ту тхьэлъанэ щыфщIыну, сэ сызэрыфхуэфIам хуэдэу си
унагъуэми фыкъыхуэфIыну сыволъэIу. Си адэ-анэм, си
дэлъхухэм, си шыпхъухэм, абыхэм я унагъуэхэм гущIэгъу
къазэрыхуэфщIынум, ажалым зэрыщыфхъумэнум и нагъы-
щэ сывгъэлъагъу».

14 «Ди псэр щlэтта папщlэ, ди псалъэм дытекlынкъым, – быдэу къагъэгугъащ тlасхъэщlэххэм цlыхубзыр. – Уэ хашэ умыхъумэ, ТХЬЭМ мы щlыгур къыдита нэужь, дыпхуэфlынщ, пэжу дыббгъэдэтынщ».

15 Цlыхубзыр щыпсэу унэр къалэм къыдекlуэкl мывэхъунэм* хэщlыхьати, щхьэгъубжэмкlэ къриутlыпщхьэха клапсэмкlэ тlасхъэщlэххэр къригъэхащ. 16 «Бгыхэмкlэ фыкlуэ, къыфкlэлъыпхъэрхэм фыкъамыгъуэтын щхьэкlэ, – яжриlащ цlыхубзым абыхэм. – Махуищкlэ абы зыщывгъэпщкlу, пхъэрхэм къагъэзэжыхуи, итlанэ фи гъуэгу фытеувэж».

17-18 «Мы щlыгум дыкъихьа нэужь мы клапсэ плъыжьыр дызыдэбгъэкlыжа щхьэгъубжэм йумыщlэмэ, – къыжраlащ абыхэм цlыхубзым, – уи адэ-анэр, уи дэлъхухэр, унагъуэр зэрыщыту уи унэм къыумышэмэ, ди тхьэрыlуэр зыщхьэщытхыну дыхуитщ. 19 Уи унэм къыщlэкlыу уэрамым къыдыхьэр яуклмэ, езым и ягъэжщ. Дэ абы щхьэкlэ жэуап тхьынукъым. Ауэ уи унэм щlэсхэм щыщу зыгуэр яуклмэ, абыкlэ къуаншэ хъунур дэращ. 20 Зыгуэркlэ ди lуэхур хэлущlыlу пщlырэ – дыбгъэщlа тхьэрыlуэр мэкъутэж».

21 «Хъунщ, – жиlащ цlыхубзым, – зэрыжыфlэм хуэдэу ирехъу». Абы лlыхэр иутlыпщыжри клапсэ плъыжьыр и щхьэгъубжэм ирищlащ.

22 Ахэр ежьэжщ, бгылъэхэмкlэ яунэтlри абы махуищкlэ исащ, къакlэлъыпхъэрахэм гъуэгухэр къапщытэу зыри ямыгъуэту ягъэзэжыху.

23 Итlанэщ лlитlыр я гъуэгу щытеувэжар. Ахэр бгыхэм къикlыжщ, псытепхъэхэмкlэ зэпрыкlыжщ, Нун и къуэ Йушэ деж клуэри, къащыщlа псори хуаlуэтэжащ. 24 «ТХЬЭМ, шэч хэмылъу, а щlыгур зэрыщыту ди lэмыщlэ кърилъхьащ, – жаlащ абыхэм. – Абы щыпсэу дэтхэнэ зы цlыхури ажалым хуэдэу къытщошынэ».

ЕЩАНЭ ІЫХЬЭ

Іурдын зэриклар

3 1 Пщэдджыжьым жьыуэ Йуши исрэІилхэри Шытlым
щежьэри Іурдын нэсыху кІуащ, зэпрымыкІыуи, абдеж дзэ
пщыІэу щитlысыкІащ. 2 Махуищ дэкІа иужь пашэхэм пщыІэхэр
къызэхакІухьыурэ, 3 лъэпкъыр къыхураджащ: «ТХЬЭМ, фи
Тхьэм, и Іуагъэм и Пхъуантэр* Лъапlэ лэбийхэм* Іурдынкlэ
яхьу флъагъумэ, зыфlэти абы и ужь фиувэ, 4 абыкlэ зэи
фыщызэхэзекІуакъыми, фыздэкІуэнур фщlэн щхьэкlэ. Ауэ
гъунэгъуІуэ зыхуэвмыщl, lэфракlэ минитl[a] хуэдизкlэ иужь фит».

5 Йушэ лъэпкъым унафэ хуищlащ: «Зывумэхъ*. Пщэдей
ТХЬЭМ телъыджэхэр фи нэгу щlигъэкІынущ».

6 Йушэ тхьэпщхэм яжриІащ Іуагъэм и Пхъуантэр къащтэу
лъэпкъым япэ иту ежьэну. Тхьэпщхэм унафэр ягъэзэщlащ.

7 ТХЬЭМ Йушэ къыжриІащ: «Зэры-Исрэlилу
узэрызгъэлъапlэр я нэгу щlэзгъэкІынущ нобэ. ИращlэабыхэМ,
Мусэ сызэрыбгъэдэтам хуэдэу, уэри сызэрыбгъэдэтыр.
8 Іуагъэм и Пхъуантэр зыхь тхьэпщхэм унафэ яхуэщl, Іурдын
нэса нэужь, псым хыхьэу къэувыІэну».

9 «Фыкъедаlуэ ТХЬЭМ, фи Тхьэм, и псалъэхэм, – жиІащ
Йушэ, исрэlилхэр зэхуишэсри. – 10 Мис мыпхуэдэущ фэ
къызэрыфщlэнур Тхьэ Пэжыр къызэрытхэтыр, икІи абы
lэмал имыІэу хьэнэнейхэр, хьетхэр, хъыуийхэр, пэризейхэр,
джырджэшхэр, амэрейхэр, еусейхэр зэрызэбгырихунур.
11 Фыкъаплъэ, щlылъэ псом Тепщэныгъэ Щызиlэм и Іуагъэм
и Пхъуантэр фи япэ иту Іурдын хыхьэнущ. 12-13 Тхьэпщхэр
Іурдын зэрыхэувэу, абдежым псыр игъущыкІынущ, къежэх
псыр блыну къэувынущ. Мис абдежым щlыху пщыкlутl сыхуей
хъунущи, лакъуэ къэс зырыз къыхэфх».

---

[a] **3:4** Метр щибгъум нэблагъэ хъунущ.

14 Пщыlэу итlысыкlа исрэlилхэм lурдыныпсым зэпрыкlыну
зыщаlэтыжым, тхьэпщхэр lуагъэм и Пхъуантэр яlыгъыу лъэ-
пкъым япэ иуващ. 15 Гъавэ lухыжыгъуэти, lурдын къиуащ. Ауэ,
тхьэпщхэр lурдын lухьэу я лъэр псым зэрылъэlэсу, 16 псыежэ-
хыр къэувыlащ. Ар жыжьэу, Зэртан пэгъунэгъуу щыlэ lэдэм
къалэм деж, блыну къыщыуващ, Хы Шыугъэм хэлъадэ псыр
зэрыщыту игъущыкlащ. Апхуэдэу исрэlилхэр lурдын икlри,
Йэрыхъуэ пэгъунэгъу хуэхъуащ.

17 Зы исрэlил къэмынэу щlы гъущэм тету блэкlыху, Тхьэм и
lуагъэм и Пхъуантэр Лъапlэ зыхь тхьэпщхэр lурдын ныджэм
и кум итащ.

ЕПЛlАНЭ lЫХЬЭ

Исрэlилыр игъущыкlа lурдыныпсым зэрикlам и фэеплъ Нун и къуэ Йушэ зэригъэувар

4 1 Лъэпкъыр зэрыщыту lурдын икlа нэужь, ТХЬЭМ
Йушэ къыжриlащ: 2 «Иджы исрэlилхэм щыщ цlыху
пщыкlутl, лlакъуэ къэс зырыз, къахэш. 3 Абыхэм унафэ
яхуэщl lурдыныпсым и щlэ къыщlэщам и кум, тхьэпщ-
хэр здэщытым деж, мывэ пщыкlутl къыщащтэу ны-
жэбэ жэщ увыlэпlэ щащlыну щlыпlэм здахьу, абдежым
щагъэтlылъыну».

4 Исрэlил лlакъуэ пщыкlутlым цlыху зырыз къахишахэр
къриджэри, 5 Йушэ яжриlащ: «lурдын и щlэ къыщlэщам и кур-
купсэм ТХЬЭМ, фи Тхьэм, и Пхъуантэ Лъапlэр здэщытым
деж фыкlуи, Исрэлил лlакъуэхэм я пэбжу мывэ зырыз дэтхэ-
нэми абдеж къыщыфщти фи дамэ телъу къифх. 6 А мывэхэр
фэркlэ дамыгъэу щытынущ. Иужькlэ, фи бынхэр а мывэхэр
зищlысым теухууэ къыщывэупщlкlэ, 7 ТХЬЭМ и lуагъэм и
Пхъуантэр къызэпрахыхукlэ lурдыным и псыр игъущыкlауэ

зэрыщытар яжефlэ. Исрэlил лъэпкъым дежкlэ а мывэхэр къэхъуар гум къэзыгъэкlыж дамыгъэу игъащlэкlэ щытынущ».

8 Исрэlилхэм Йушэ и унафэр ягъэзэщlащ. ТХЬЭМ Йушэ къызэрыжриlам хуэдэу, абыхэм lурдын и щlэ къыщlэщам и кум мывэ пщыкlутl къыщащтащ, лъэпкъым и лlакъуэхэм я бжыгъэм хуэдиз хъууэ. Исрэlилхэм мывэхэр къахьри щитlысыкlа щlыпlэм деж щагъэтlылъащ. 9 Абы къищынэмыщlауэ, lуагъэм и Пхъуантэр тхьэпщхэм яlыгъыу lурдын и кум здитам дежи Йушэ нэгъуэщl мывэ пщыкlутl щызэтригъэлъхьащ. Ахэр нобэр къыздэсым абдежым щылъщ.

10 Мусэ Йушэ къыхуищlа унафэм тету, тхьэпщхэри lурдын лъащlэм и кум итащ, ТХЬЭМ Йушэ пщэрылъ къыщищlа псори исрэlилхэм ягъэзэщlэху. Щlыхухэри плащlэу зэпрыкlырт. 11 Исрэlилхэр псори lурдын зэпрыкlа нэужь, ТХЬЭМ и Пхъуантэ Лъапlэр зыхь тхьэпщхэри зэпрыкlри щlыхухэм япэ иувэжащ. 12 Рэбилхэр, джадхэр, Минащ и лlакъуэм и ныкъуэр исрэlилыдзэм ипэ иту дзэ кlуэкlэу кlуэрт, Мусэ къахуищlауэ щыта унафэм тету. 13 А исрэlил лlакъуэхэм ящыщу lэщэкlэ зэщlэузэдауэ щlыху мин плыщlым нэблагъэ къахэкlащ. Ахэр ТХЬЭМ и нэlэ щlэту Йэрыхъуэ къыпэщылъ lурдын губгъуэм ихьащ.

14 А махуэм Йушэ и пщlэр ТХЬЭМ лъагэу зэры-Исрэlилу щиlэтащ. Псэухуи, Мусэ хуэдэу, Йушэ щlыхухэм ялъытащ.

15-16 ТХЬЭМ Йушэ унафэ къыхуищlат Щыхьэтыгъэм и Пхъуантэр зыхь тхьэпщхэр lурдын къыдигъэкlыжынуи, 17 ар игъэзэщlащ. 18 Тхьэпщхэр lурдын лъащlэм текlыу я лъэр щlым зэрынэсу, псыр зэрыщытам хуэдэу ежьэжащ, ныджэр щlигъанэу.

19 Апхуэдэу, япэ мазэм и епщlанэ махуэм исрэlилхэр lурдын икlри Йэрыхъуэ и къуэкlыпlэ лъэныкъуэмкlэ щылэ Джылджэл щlыпlэм щитlысыкlащ. 20 lурдын къраха мывэ пщыкlутlыр Йушэ

Джылджэл щызэтрилъхьэри 21 исрэlилхэм яжриlащ: «Иужькlэ, фи щlэблэр а мывэхэр зищlысым теухуауэ къыщывэупщlкlэ, 22 lурдын игъущыкlыу Исрэlилыр къызэрызэпрыкlауэ щытар яжефlэ. 23 ТХЬЭРЩ, фи Тхьэрщ, lурдын изыгъэгъущыкlыу фызэпрызыгъэкlар. Абы Къамылыхыр зэрыригъэгъущыкlыгъам хуэдэу, lурдынри иригъэгъущыкlащ. 24 Ар щlищlар щlылъэм лъэпкъыу тетым ТХЬЭМ и къарур зыхуэдизыр къащlэн, фэри Абы сыт щыгъуи фыфlэлыкlын папщlэщ».

ЕТХУАНЭ lЫХЬЭ

5 1 Исрэlилхэр псым зэпрыкlын папщlэ, ТХЬЭМ псыежэхыр къызэригъэувыlар lурдын и къухьэпlэмкlэ щылэ амэреипщхэмрэ хы lуфэм lус хьэнэнейхэм япщхэмрэ щызэхахым, абыхэм ягухэр зэуэ ехуэхри, исрэlилхэм зэрапэщlэтын лыгъэ къахуэнакъым.

Зэгурыlуэныгъэ Лъапlэм и хабзэхэм исрэlилхэр зэрытехьэжар

2 ТХЬЭМ Йушэ жриlащ мывэм сэ къыхищlыкlыу исрэlилхэр сунэт ищlыну. 3 Йушэ мывэсэхэр игъэхьэзырри Аралутl[a] lуащхьэм деж исрэlилхэр сунэт щищlащ.

4 Йушэ апхуэдэу щlищlам и щхьэусыгъуэр мырат: исрэlилхэр Мысырым къикlыжа нэужь, lэщэ зыlыгъыфыну яхэт цlыхухъухэр пшахъуэщlым илыхьат. 5 Гъуэгу тету дунейм къытехьа исрэlилхэр иджыри сунэт ищlакlэтэкъым. 6 Исрэlилхэр ТХЬЭМ и псалъэм зэребэкъуам щхьэкlэ, Мысырым къыщикlыжам lэщэ зыlыгъыфыну яхэта цlыхухъухэр лэхункlэ пшахъуэщlым къакlухьу итащ. Абыхэм ТХЬЭМ быдэу къажриlат я адэжьхэр щlигъэгугъа, шэмрэ фомрэ щежэх щlыгур, зэрамылъагъунур. 7 А зауэлхэм япlэм я

[a] 5:3 Журтыбзэкlэ «пкъыпыупщlыгъэхэр» жиlэу къокl.

къуэхэр къиуващ. Ахэрщ Йушэ сунэт иригъэщlар. Гъуэгу тету а хабзэр зрамыгъэзащlэм къыхэкlыу, ахэр иджыри сунэт ящlатэкъым. 8 Щlыхухъу псори сунэт ящlу ахэр хъужыху, исрэlилхэр здитlысыкlам деж щысащ.

9 «Мысырым щытекlа фи напэр, – къыжриlащ ТХЬЭМ Йушэ, – иджы фхуэзгъэкъэбзэжащ». Аращ а щlыпlэм нобэми Джылджэлкlэ[a] щеджэр.

10 А мазэ дыдэм и епщыкlуплlанэ махуэм и пщыхьэщхьэм Йэрыхъуэ къыпэщылъ lурдын губгъуэм ит Джылджэл щитlысыкlахэм lутlыжыр ягъэлъэпlащ. 11 lутlыжым къыкlэлъыкlуэ махуэм абыхэм яшхащ а щlым къытекlа гъавэм къыхащlыкlа шхыныгъуэхэр: щlакхъуэ мыкlумыпщрэ* хьэ гъэжьарэ. 12 А щlым къытекlа гъавэр шхын зэрыщlадзэу, етlуанэ махуэм мэlэн уафэм къехыжакъым.[b] Ар исрэlилхэм афlэкlа ялухуэжакъым, а илъэсым абыхэм яшхар хьэнэнеищlым къытекlа гъавэрщ.

Нун и къуэ Йушэ ТХЬЭМ и уафэгу дзэпщым зэрыхуэзар

13 Йэрыхъуэ и lэшэлъашэхэм здэщыlэм, Йушэ къилъэгъуащ джатэ къихар lэщlэлъу и пащхьэм къит лыр. Йушэ абы нэхъ гъунэгъу зыхуищlри егуоуащ: «Уэ укъыддэщlрэ хьэмэрэ ди бийхэм уащыщ?»

14 «Хьэуэ! Сэ ТХЬЭМ и уафэгу дзэпщу сыкъыфхуэкlуащ» – къитащ абы жэуап.

---

[a] **5:9** Журтыбзэм Джылджэл флэщыгъэщlэмрэ «галал» («lугъэжын, lугъэкlуэтын» напэтехыр жыхуиlэщ) псалъэмрэ зэщхьу къыбопсэлъ; мы тхыгъэ зэдзэкlам къызэрыкlуэр «(фи напэр) фхуэзгъэкъэбзэжащ» мыхьэнэр къикlыущ.

[b] **5:12** Илъэс плыщlкlэ пщэдджыжь къэс исрэlилхэм къуэнгын жылэм ещхь гуэр щlым щылъу къагъуэтти, абы хьэжыгъэ къыхащlыкlырэ, щlакхъуэ хъурей плащlэ ягъажьэрт. Еплъ Мысырикlыж 16:35.

Йушэ щlым нэсу абы щхьэщэ хуищlри: «Сурижыlэщlэщ, си зиусхьэн. Сыт къызжепlэну узыхуейр?» – жиlэри еупщlащ.

15 «Зылъых уи вакъэр, – къыжриlащ абы уафэгу дзэпщым, – узытетыр щlыгу лъапlэщ».

Йушэ и вакъэр зылъихащ.

Йэрыхъуэ къызэращтар

16 Йэрыхъуэдэсхэм, исрэlилхэм зэращыщтэм къыхэкlыу, удыхьи удэкlи мыхъуу куэбжэхэр ягъэбыдат.

ЕХАНЭ lЫХЬЭ

6 1 «Мис, – жриlащ ТХЬЭМ абы иужькlэ Йушэ, – Йэрыхъуэ къалэри, абы ипщри, и зауэлl хахуэхэри уи lэмыщlэ изолъхьэ. 2 Уи зауэлlхэм я гъусэу къалэр махуэм зэ ихъуреягъкlэ къэкlухь. Апхуэдэурэ махуихкlэ къекlуэкl къалэм. 3 Пхъуантэ Лъапlэм ипэ иту гъуо зэрыз яlыгъыу тхьэпщибл гъакlуэ. Ебланэ махуэм гъуор зыгъаджэ тхьэпщхэр фщlыгъуу къалэм ихъуреягъкlэ блэ фыкъекlуэкl. 4 Абыхэм гъуор кlыхьу къагъаджэу зэхэфхмэ, зэрылъэпкъыу ину ирекlий. Абдежым Йэрыхъуэ къекlуэкl мывэхъунэр* къещэщэхынурэ, исрэlилхэр къалэм занщlэу дыхьэнущ».

5 Нун и къуэ Йушэ тхьэпщхэм яжриlащ lуагъэм и Пхъуантэр ирахьэжьэну, тхьэпщиблым гъуо зырыз яlыгъыу япэ иувэну. 6 «Илэ, фежьэ! – яхуищlащ Йушэ унафэ исрэlилхэм. – Къалэм и хъуреягъкlэ фыкъекlуэкl, дзакlуэдзашэхэри ТХЬЭМ и Пхъуантэ Лъапlэм и пэ иту ирекlуэ».

7-8 Йушэ и унафэм тету, тхьэпщиблым гъуор ягъаджэри, исрэlилхэр ежьащ. Дзакlуэпашэхэр и пэ итт, абыхэм я ужь гъуор зыгъаджэ тхьэпщхэр кlуэрт, ТХЬЭМ и lуагъэм и Пхъуантэр зыхьхэр абыхэм якlэлъыкlуэрт, псоми яужь итыр

дзакIуэкIашэхэрт. Гъуор зэпымыууэ ягъаджэрт. 9 А псом и пэ къихуэу Йушэ исрэIилхэм унафэ яхуищIат: «Джэж макъ фымыгъэIу, фи макъи фымыIэт, зы псалъэ къызыжьэдэвмыгъэкI, сэ фыкIиину унафэ фхуэсщIыху. Сэ унафэ фхусэщIмэ, мис итIанэ зевгъэIэт фи макъым ину!» 10 Апхуэдэу ТХЬЭМ и Пхъуантэ Лъапlэр къалэм и хъуреягъкIэ зэ кърахьэкIащ. Абы иужь исрэIилхэр щитIысыкIа щIыпIэм къагъэзэжри абдеж нэху къыщекIащ.

11 КъыкIэлъыкIуэ пщэдджыжьым Йушэ исрэIилхэм жьыуэ заригъэужьащ. Абы тхьэпщхэм ТХЬЭМ и Пхъуантэ Лъапlэр къаригъэщтэри иригъэжьащ. 12 Япэ махуэм зэращIам хуэдэу, дзакIуэпашэхэм якIэлъыкIуэрт щIэмычэу гъуо зыгъаджэ тхьэпщиблыр, абыхэм яужь итт ТХЬЭМ и Пхъуантэ Лъапlэр зыхьхэр, псоми я щIыбагъым къыдэтыр дзакIуэкIашэхэрат. 13 А махуэми етIуанэу къалэм ихъуреягъкIэ къеклуэкIри дзэ пщыIэм ягъэзэжащ. Апхуэдэу махуихкIэ ящIащ.

14 Ебланэ махуэм ахэр нэхущым къыщIэтаджэри аргуэру къалэм ихъуреягъкIэ къеклуэкIащ. Ауэ иджы блэнейрэ. 15 Тхьэпщхэм гъуор ебланэу щагъаджэм, Йушэ щIыхухэр къыхуриджащ: «Фыкlий, фыгуо, мы къалэр ТХЬЭМ къывитащ! 16 Ауэ зыщывмыгъэгъупщэ, Йэрыхъуэ къалэри абы дэсхэри ТХЬЭМ хуэгъэкIуэдын зэрыхуейр. Ди тIасхъэщIэххэр зэригъэпщкIуам къыхэкIыу, Рэхъэбрэ[a] абы и унэм щIэсхэмрэ псэууэ къэвгъанэ. 17 ТХЬЭМ хуагъэкIуэдын хуей псоми зыщыфхъумэ. Абыхэм щыщ гуэрым феIэбмэ, и ягъэшхуэ къывэкIынущ: исрэIил увыгъэр ТХЬЭМ хуэвгъэкIуэдын хуей хъунурэ лъэпкъыр бэлыхь хэвдзэнущ. 18 Дыжьынми, дыщэми, гъуаплъэми, гъущIми къыхэщIыкIа хьэпшыпхэр ТХЬЭМ ейщ, ахэр Абы и хъугъуэфIыгъуэщым хьын хуейщ».

[a] **6:16** Журтыбзэ тхыгъэм мыбдежми, 21-нэ, 24-нэ едзыгъуэхэми мы щIэр “къэхыпэ” псалъэр дэщIыгъуу къоклуэр.

19 Тхьэпщхэм гъуохэр ягъэджащ. Гъуо макъыр цIыхухэм щызэхахым, зэуэ ину къыхэкIиикIащ. Абдежым къалэр къэзыухъуреихь мывэхъунэр зэхэщащэщ, дзэр псынщIэу ебгъэрыкIуэри, яубыдащ. 20 Исрэилхэм къалэр ТХЬЭМ хуагъэкIуэдри, псэ зыIуту къалэм дэсар джатэщхьэрыкIуэ ящIащ: цIыхухъуи, цIыхубзи къелакъым, жьыи щIэи щысхьакъым, выи, мэли, шыди къагъэнакъым.

21 TIэкIу нэхъапэкIэ Йушэ тIасхъэщIэхитIым яжриIат ахэр къезыгъэлауэ щыта цIыхубзым деж кIуэуэ, тхьэлъанэ ящIам тету, абырэ и унэ исхэмрэ къалэм къыдашыну. 22 ЛIитIыр Рэхъэб деж кIуэри, езы цIыхубзри, абы и адэ-анэри, и дэлъхухэри, и благъэхэри къалэм къыдашащ. Ахэр исрэилхэр щитIысыкIа щIыпIэм адэкIэ яшэри увыIэпIэ щыхуащIащ. 23 Къалэм дэлъ псори исрэIил зауэлIхэм мафIэ щIадзэри ягъэсащ, дыжьыным, дыщэм, гъуаплъэм, гъущIым къыхэщIыкIа хьэпшыпхэм фIэкIа къэмынэу. Ахэр ТХЬЭМ и хъугъуэфIыгъуэщым щIалъхьащ. 24 Йэрыхъуэ къалэ плъэIуакIуэ-дэIуакIуэ игъэкIуэгъауэ щыта тIасхъэщIэххэм къазэрыдэIэпыкъуам папщIэ, езы Рэхъэби, и унагъуэми, абы я гъуса дэтхэнэ зыми Йушэ eIycакъым. (Нобэр къыздэсым абыхэм я щIэблэр исрэIилхэм яхэсу мэпсэу).

25 Мис абы щыгъуэщ Йушэ тхьэрыIуэ щищIар:

«Мы Йэрыхъуэ къалэр къызыфIэзыгъэувэжыну мурад зыщIым,
ТХЬЭМ и нэлатыр къылъыс:
къалэм и лъабжьэр зыгъэтIылъ дэтхэнэ зыми и щыпэлъхур фIэкIуэдынущ,
дыхьэпIэхэр зыгъэувыжым –
и къуэ нэхъыщIэр хилъхьэнущ».

26 ТХЬЭР Йушэ сыт щыгъуи и гъусэт, и цIэри а щIыналъэм и къуапэ псоми щыIуат.

ЕБЛАНЭ ІЫХЬЭ

Аклэн и гуэныхъыр

7 1 Ауэ исрэилхэм ягъэзэщlакъым ТХЬЭМ хуагъэклуэдын
хуея хьэпшыпхэм ехьэлlауэ щылэ унафэр. Ехьудэ и
лlакъуэм щыщу Аклэнклэ зэджэ лым а хьэпшыпхэм щыщ
къищтат. Ар езыр Хьэрэмий и къуэт, Хьэрэмий Забдий и
къуэт, Забдий зи къуэр Зэрахът. Аклэн илэжьам и ягъэклэ
ТХЬЭМ и нейр Исрэилым щыхуащ.

2 Йэрыхъуэ иригъэкlри, Бэтlэл и къуэкlыплэ лъэныкъуэмклэ,
Бэтэун пэмыжыжьэу щылэ lят къалэм Йушэ цlыху зыбжанэ
игъэкluащ, а щlыналъэм и тlасхъэ щlахыну. 3 Къагъэзэжа нэужь,
абыхэм Йушэ жраlащ: «lятыр къэбзэун щхьэклэ цlыхуу уилэр
ебутlыпщын хуейкъым. Къалэм цlыху куэд дэскъыми, зауэлl
минитl-щым яубыдыфынущ, адрейхэр умыгъэплейтейуэ».

4 Къалэр къазэуну цlыху минищым нэблагъэ клуат, арщхьэклэ
ахэр lятдэсхэм къырахужьэжри, 5 къалэ дыхьэплэхэм къыще-
гъэжьауэ Шэбарым[a] джабэхэм нэсыху къахуащ, исрэилхэм
цlыху щэщlрэ хы хаукlыкlащ. Къэхъуар исрэилхэм я гум
щlыхьэри, я лъэр щlэхуащ. 6 Йушэрэ исрэил тхьэмадэхэмрэ
ар щызэхахым, гулэу я щыгъынхэр зэхачэтхъащ, я щхьэм са-
бэ тракlутэжри нэкlуклэ хэlубауэ пшапэ зэхэуэгъуэ хъухункlэ
ТХЬЭМ и Пхъуантэ Лъаплэм и пащхьэм илъащ. 7 «ТХЬЭУЭ
Тепщэныгъэ Зилэ, – зыхуигъэзащ Йушэ Тхьэм, – мы лъэпкъыр
lурдын къыщlызэпрыпшар амэрейхэм я lэмыщlэ иплъхьэу бгъэ-
унэхъуну ара? lурдын дыкъызэпрымыкlыу дыкъыщынамэ,
сыт хъунт! 8 Исрэилхэм я щlыб бийм хуагъэзауэ, сыт иджы
жысlэжын? 9 Къэхъуар хьэнэнейхэмрэ мы щlыналъэм щы-
псэу нэгъуэщl лъэпкъхэмрэ зэхахынущ, дыкъаухъуреихьынурэ

[a] **7:5** Журтыбзэклэ «мывэ хэхыплэ» жилэу къокl.

хьэбэсабэр къытхуагъэкIуэнущ. Дапхуэдэу уэ абы щыгъуэ уи щIыхьыр, уи цIэ лъапIэр зэрыпхъумэнур?»

10 «Къэтэдж, – къыжриIащ ТХЬЭМ Йушэ. – Сыт уи щхьэр щIэбгъэщхъыр? 11 Исрэилым гуэныхь телъщ, тхьэгъэпцI хъуащ. Есцыла lуагъэм* ар тетакъым, Сэ схуагъэкIуэдын хуей хьэпшыпхэм щыщ къищтэри и мылъкум хигъэпщкIуащ. 12 Аращ исрэилхэр я бийм щIыпэмылъэщыр, щIикIуэтри гыбзафэр ятелъщи аращ. ТХЬЭМ хуэгъэкIуэдын хуей псоми кIэ евмытауэ фи гъусэу сыкъэнэнукъым!

13 Яхыхьи пщэдейрей махуэм щхьэкIэ заумэхъыну* цIыхухэм унафэ яхуэщI. ТХЬЭМ хуэгъэкIуэдын хуейм ящыщ къыфхэтщи, ар ямыгъэкIуэдауэ я бийм зэрыпэмылъэщынур ТХЬЭМ, Исрэилым и Тхьэм, зэрыжиIар абыхэм ялъэгъэIэс. 14 Пщэдей пщэдджыжь исрэил лIакъуэхэр гъуэрыгъуэурэ фыкъызбгъэдыхьэ[a]. Сэ пхъэидзэкIэ къэзгъэлъагъуэ лIакъуэр лъэпкъ-лъэпкъкIэрэ къызбгъэдрехьэ. Къыхэзгъэщыну лъэпкъри унагъуэ-унагъуэкIэрэ фыкъызэкIуалIэ. ИкIэм, къыхэсхыну унагъуэр цIыху зырызыххэурэ си деж къреклуэ. 15 ТХЬЭМ хуэгъэкIуэдын хуей хьэпшыпхэр зыIыгъри и унагъуэри яукIынурэ и мылъкури щIыгъуу ягъэсынущ. Ар фэсцIыла lуагъэм епцIыжащ, Исрэилым напэншагъэ щилэжьащ!»

16 КъыкIэлъыкIуэ пщэдджыжьым жьыуэ Йушэ исрэилхэм унафэ яхуищIащ лIакъуэ-лIакъуэкIэрэ къыбгъэдыхьэну. Пхъэидзэм Ехьудэ и лIакъуэр къикIащ. 17 Ехьудэ и лIакъуэм и лъэпкъхэр гъуэрыгъуэурэ къыбгъэдыхьэну Йушэ унафэ ищIащ. Зэрахъ и лъэпкъым техуащ. Зэрахъ и лъэпкъым щыщ унагъуэхэр Йушэ щызыбгъэдишэм, къыхахар Забдий и унагъуэращ. 18 Йушэ Забдий и унагъуэм исхэр зырызурэ щызыбгъэдигъэхьэм, лажьэр зытелъыр Хьэрэмий и къуэ АкIэну къыщIэкIащ.

[a] **7:14** "Тхьэм и Пхъуантэ ЛъапIэм деж" арауэ къыщIэкIынщ зи гугъу ищIыр.

19 «Си щIалэ, – зыхуигъэзащ Йушэ АкIэн, – ТХЬЭМ, Исрэилым и Тхьэм, и щытхъур къэхьи, пщIамкIэ и пащхьэ зыщIыумысыж, зыри тщумыбзыщI».

20 «Пэжщ, сэ ТХЬЭМ, Исрэилым и Тхьэм, и пащхьэ гуэныхь къыщIысхьащ, – къитащ жэуап АкIэн, – сщIари мыращ: 21 къуентхъым* сыщыхэплъэм, Бабылей[a] къраша щыгъын щIыIутелъ дахэм, дыжьын шэкIэл щитIым[b], шэкIэл тхущI[c] хъу дыщэ кIанэм сызыIэпашэри, къэсщтащ. Ахэр си шэтырым щызгъэпщкIуащ, щIым щIэстIэри; дыжьыныр и щIэ дыдэм щIэлъщ».

22 Йушэ и унафэкIэ цIыхухэр АкIэн и шэтырым жэри а хьэпшыпхэр, пэж дыдэу, абдеж зэрыщыгъэпщкIуар къалъэгъуащ, дыжьынри и щIэм щIэлът. 23 Ахэр шэтырым къыщIахри Йушэрэ исрэилхэмрэ деж къахьащ, ТХЬЭМ и пащхьэм къыщрагъэтIылъыкIащ.

24 Йушэ я пашэу исрэилхэм Зэрахъ и лIэужьхэм ящыщ АкIэн lэрыубыд ящIри, къидыгъуа щыгъынри, дыжьынри, дыщэри щIыгъуу, и къуэхэри, ипхъухэри игъусэу, ивхэри, и шыдхэри, и мэлхэри, и бжэнхэри, и шэтырри, и мылъку псори хэту, Ахъуэркlэ зэджэ къуэм яшащ. 25 «Сыт мы бэлыхь дызыхэбдзар зищIысыр? – жиIащ Йушэ. – Иджьы нобэ ТХЬЭМ уэ езыр бэлыхь ухидзэнущ».

Абдежым исрэилхэм АкIэн мывэуэхь ящIри яукIащ. Абы и унагъуэри апхуэдэу яукIа нэужь, псори ягъэсыжащ, 26 я гущIыIуми мывэхэр щызэтрадзэжащ. А мывэхэр нобэр къыздэсым абдеж щызэтелъщ, а щIыпIэми иджыри Ахъуэрыкъуэкlэ[d] йоджэ.

Абы иужь ТХЬЭМ и губжьыр тIысыжащ.

---

[a] **7:21** Журт. “Шинар”.

[b] **7:21** Дыжьыну килограммитIрэ грамм щищ нэблагъэ хъунущ.

[c] **7:21** Грамм щих нэблагъэ хъунущ.

[d] **7:26** Журтыбзэкlэ «ахъуэр» псалъэм «бэлыхь» жиIэу къокI.

ЕЯНЭ ІЫХЬЭ

Іэят къалэр къащтэу зэрызэхакъутар

8 1 «Зы щхьэкІи умышынэ икІи умыдзыхэ, – ТХЬЭМ
Йушэ и гур фІы хуищІащ. – Дзэр зэрыщыту ешажьи,
Іэят къалэм ебгъэрыкІуэ. Абы и тетри, и цІыхури, и къалэри,
и щІыгури уи Іэмыщlэ ислъхьащ. 2 Йэрыхъуэ къалэмрэ абы и
тетымрэ я махуэр Іэят къалэми, абы и тетми къахуэгъакІуэ.
Иджы хуит фыхузощІ къуентхъми Іэщми. Дзэм щыщ зы пакІэ*
къахэши, къалэм и щІыбагъ ирекІуэ, абдеж къыщыпретІыс».

3 Іэят къалэр ищтэну Йушэ дзэр зэрыщыту щІыгъуу ежьащ.
Абы зауэлІ нэхъыфІу мин щэщІ къахишри жэщу иригъэжьащ.
4 «Иджы быдэу фыкъызэдаІуэ, – къригъэжьащ и унафэр
Йушэ. – Фэ къалэ щІыбагъым пэтІыс щыфщІын хуейщ. Ауэ
жыжьэ фыІумыкІ. Зауэм фыхуэхьэзыру фыщыт. 5 Сэ, адрей
зауэлІхэр си гъусэу, къалэм и гупэмкІэ секІуэлІэнущ. Мохэр
къыдэкІыу къыщытпэщІэувэкІэ, япэм ещхьу, дикІуэт хуэдэу,
дыщІэпхъуэнущ. 6 Нытхлэлъыжэурэ, къалэм пэІэщІэ хъунущ,
“япэм ещхьу, етхужьэжащ” жаІэуи къытщІэнэкІэнущ. Арацщи,
дэ дыщыщІэпхъуэм иревгъэхьэлІи, 7 фэ фыкъыкъуэкІ. Къалэр
ТХЬЭМ, фи Тхьэм, фи Іэмыщlэ кърилъхьэнущи, фебгъэрыкІуи
къафщтэ. 8 Къалэр къызэрыфщтэу, мафІэ евдзи зэтревгъасхьэ.
ТХЬЭМ къалэн фщищlар вгъэзащlэ! Араш унафэу фхуэсщІыр!»

9 Йушэ къыхиша зауэлІхэр иутІыпщащ, Бэтlэлрэ Іэятрэ
я зэхуакум, Іэят и къухьэпІэмкІэ, пэтІыс щащІыну. Езыр а
здэщыІэм къыщынэри исрэІилыдзэм и гъусэу жэщыр щрихащ.
10 Пщэдджыжьым жьыуэ Йушэ зиужьри, дзэр зэхуишэсащ.
Исрэlил тхьэмадэхэмрэ езымрэ дзэм я пашэу ежьэри, Іэят къа-
лэм и лъэныкъуэкlэ яунэтlащ. 11 Къалэм пэгъунэгъу щыхъум,
ахэр къэувыІащ. Къалэм ищхъэрэІуэкlэ дзэр щитІысыкІа
щІыпІэмрэ Іэятрэ я зэхуакум дэлъыр зы щІыІэпст. 12 Йушэ цІыху

минитху[a] хуэдиз къыхишри, къалэм и къухьэпlэ лъэныкъуэмкlэ,
Бэтlэлрэ lэятрэ я зэхуакум, игъакlуэри пэтlыс щаригъэщlащ.
13 Апхуэдэ щlыкlэкlэ, дзэм и нэхъыбэр къалэм и ищхъэрэ
лъэныкъуэмкlэ щитlысыкlащ, пэтlыс зыщlхэм къухьэпlэмкlэ
зыщагъэзэгъащ. А жэщым Йушэ щlыlэпсым ихьащ.

14 lэят пащтыхьым исрэlилхэр къыщилъагъум, пщэдджыжьым
жьыуэ пlэщlэгъуэкlэ и дзэр къыдишри, lурдын губгъуэмкlэ
иунэтlащ, исрэlилыдзэм къезэуэну. Абы ищlэртэкъым къалэ
щlыбагъым зауэлlхэр къыпэтlысауэ зэрыщысыр. 15 Йушэ зи па-
шэ исрэlилыдзэм икlуэт хуэдэу lэятдэсхэм зыкърагъэлъагъури,
пшахъуэщl лъэныкъуэмкlэ щlэпхъуащ. 16 Модрейхэми къалэм
къыдэнахэр къраджэри Йушэ кlэлъыпхъэращ, арыххэуи жыжьэ
къыlукlа хъуащ. 17 Исрэlилхэм яужь имыувауэ зы зауэлl lэят[b]
къыдэнакъым. Къалэ дыхьэпlэхэр хуамыщlыжу ахэр щхьэ-
рыхьу дэкlащ.

18 Мис абдежым ТХЬЭМ Йушэ жриlащ: «Пlэщlэлъ бжыр
lэяткlэ ший, Сэ къалэр уи lэмыщlэ нислъхьэнщ». Йушэ и бжыр
lэяткlэ ишиящ. 19 Апхуэдэу зэрищlыуи, къалэм и щlыбагъкlэ
къыпэтlысауэ щыс зауэлlхэм зыкърачри къежьащ. Ахэр къалэм
дыхьэри яубыдащ, асыхьэтуи мафlэ щlадзащ.

20-21 lэят къыдэкlа зауэлlхэр щызэплъэкlым, къалэм щхьэщыт
lугъуэр къалъэгъуащ. Пшахъуэщlымкlэ зыунэтlауэ щыта Йу-
шэрэ и гъусэхэмрэ а lугъуэр къыщалъагъум, къагурыуащ адрей
исрэlилыдзэм къалэр яубыду мафlэ зэрыщlадзар. Абы щыгъуэ
абыхэм зыкъагъазэри lэятыдзэм къебгъэрыкlуэу хуежьащ.
Иджы lэятыдзэр щхьэ къегъэлыпlэ лъыхъуэу, кlуапlи-жапlи
имыlэжу къэнат. 22 Къалэр къэзыщта зауэлlхэри къежьэри,

[a] **8:12** Ещанэ едзыгъуэм зи гугъу щыщlа мин щэщlым дащlыгъуами гурыуэгъуэкъым.

[b] **8:17** Апхуэдэущ зэритыр пасэрей алыджыбзэкlэ тха lэрытххэм. Журтыбзэкlэ «Бэтlэли, lэяти» жиlэу аращ.

lэятыдзэр къэухъуреихьа хъуащ. Исрэlилхэм псэууэ зыри ялэщlэкlакъым: уlэгъэ хъуаи щlэпхъуэжаи къагъэнакъым. 23 Зи псэ lуту къэнар lэят къалэм и тет закъуэрати, ар Йушэ деж къашащ.

24 Пшахъуэщlым нэс яхуа исрэlилхэм lэятыдзэр джатэщхьэщlэкl ящlа нэужь, къалэм къагъэзэжри къыдэнауэ хъуар зэтрауклащ. 25 lэят къалэм и жылэр – цlыхухъуми цlыхубзми нэрыбгэ* мин пщыкlутl хъун – зы къэмынэу а махуэм зауэм хэкlуэдащ. 26 Къалэм дэсу хъуар ТХЬЭМ хуагъэкlуэдыху, Йушэ бжы зыlэщlэлъ и lэр ирихьэхакъым. 27 ТХЬЭМ Йушэ унафэ къызэрыхуищlам тету, исрэlилхэм lэят къалэм lэщи къыдахури, къуентхъи къыдахащ.

28 Йушэ lэят къалэр иригъэгъэсащ. lэтэу зэтелъ къутахуэ фlэкlа щымыlэу нобэр къыздэсами а щlыпlэр нэщlщ. 29 Йушэ lэят пащтыхьыр иригъэуклщ, и хьэдэр жыгым пригъэлъэжри, пшапэ зэхэуэгъуэ хъухукlэ къыфlригъэхыжакъым. Дыгъэ къухьэгъуэм, Йушэ и унафэкlэ, пщым и хьэдэр къыпахыжри къалэ дыхьэплэм деж хыфladзэжащ. Цlыхухэм хьэдэм и гущlыlум щызэтрадза мывэхэр абдеж нобэр къыздэсым щызэтелъщ.

Абыл lуащхьэм Зэгурыlуэныгъэ Лъапlэр къызэрыщыщlэрэщlэжар

30-31 ТХЬЭМ и жыlэщlэ Мусэ исрlэилхэм къахуищlауэ щыта унафэм тету, Йушэ Абыл lуащхьэ щыгум ТХЬЭМ, Исрэlилым и Тхьэм, и цlэкlэ къурмэнщlыпlэ щигъэуващ. Мусэ итхыжа Хабзэм зэрыжиlэущ ар абы зэрызэтрилъхьар. Хабзэм къызэригъэувымкlэ, къурмэнщlыпlэр къыщыдращlеижкlэ халъхьэр мыупса, гъущl lэмэпсымэхэмкlэ мыущla* мывэхэрт. Абдеж исрэlилхэм тыхь гъэсынхэмрэ зэфl къурмэнымрэ щащlащ. 32 А къурмэнщlыпlэм деж, исрэlилхэр зэрызэхэту, Йушэ Мусэ

итхыжа Хабзэр щlэрыщlэу мывэхэм тритхэжащ. 33 Зэры-
Исрэlилу – езы лъэпкъри, я тхьэмадэхэри, дэфтэрзехьэхэри,
хеящlэхэри*, къагухьа хэхэсхэри зэращlыгъуу – ТХЬЭМ и
lуагъэм и Пхъуантэмрэ ар зыхь лэбийхэм къахэкlа тхьэпщ-
хэмрэ къапэщытт. Щlыхубэм и ныкъуэр Джырзым lуащхьэм
деж щытт, адрей ныкъуэри Абыл деж щызэхэтт. ТХЬЭМ и
нэфl къащыхуэн щхьэкlэ, апхуэдэут ахэр зэхэувэн хуейуэ Мусэ
зэриущияуэ щытар.

34 Абы иужькlэ, Йушэ Хабзэм къигъэув зы къимыгъанэу,
хъуэхъуфи гыбзафи зэрыхэлъу, тхылъым зэритым темыкlыу
макъкlэ къеджащ. 35 Йушэ, Мусэ и унафэхэм ящыщу зыри
къимыгъанэу, зэрыисрэlил жылагъуэу – щlыхубзи, сабии, хэ-
хэси зэрахэту – къыхуеджащ.

ЕБГЪУАНЭ lЫХЬЭ

Джэбэнхэр къызэрелар

9 1 Исрэlилхэр зэрытекlуам и хъыбарыр lурдын и
къухьэпlэмкlэ щыlэ бгылъэхэм, бгы жьэгъухэм,
Щlыкурытыхым и lуфэм ирикlуэу Ливан бгыхэм нэсыхункlэ
щыпсэу лъэпкъхэм – хьетхэм, амэрейхэм, хьэнэнейхэм,
пэризейхэм, хъыуийхэм, еусейхэм – я пащтыхьхэм ялъэlэсащ.
2 Ахэр зэхуэсри зэкъуэувэу Йушэрэ Исрэlилымрэ езэуэну
зэгурыlуащ.

3 Йушэ йэрыхъуэдэсхэри lэятдэсхэри зэрыхигъэщlам и хъы-
бар хъыуийхэр щыпсэу Джэбэн къалэм нэсащ. 4 Ар щызэхахым,
ахэри бзаджагъэ хуекlуэну и ужь ихьащ. Гъуэмылэ къызэда-
щтэщ[a], къэп гъуанэхэмрэ фэнд дыжахэмрэ я шыдхэм тралъхьэри
гъуэгу теуващ. 5 Я вакъэхэр щыдэжын защlэу зэхэлът, щыгъын
фейцей дыдэкlи хуэпат. Щlакхъуэу яlыгъыр гъури щэщэжауэ

[a] **9:4** Е: «Лыкlуэхэм хуэдэу ящlащ».

апхуэдэт. 6 Ахэр Джылджэл щащIа увыгъэм кIуэри Йушэрэ исрэIилхэмрэ зыхуагъэзащ: «Дэ щIыпIэ жыжьэ дыкъикIащ, дарэгъу* дызэхуэвгъэхъу», – жаIэри.

7 «Тпэмыжыжьэу фыпсэууэ къыщIэкIмэ-щэ? – жаIащ гурыщхъуэ хэлъу исрэIилхэм. – Дауэ итIанэ дарэгъу дызэрызэхуэхъунур?»

8 «Псомкли дурижыIэщIэщ!» – жраIащ абыхэм Йушэ. Арщхьэкlэ Йушэ ахэр зыщыщымкlэ, къыздикIамкlэ щIэупщIащ.

9 «Дыкъыздикlар щIыпIэ жыжьэ дыдэщ, – жаIащ хъыуийхэм. – ТХЬЭМ, уи Тхьэм, и лъэкIыныгъэ иным и хъыбарыр къытлъэIэсащ. Абы Мысыр щIыналъэм щигъэхъахэми, 10 lурдыныпсым и къуэкIыпIэмкIэ щыIэ амэрей пащтыхьитIым – Хьэшбэн къалэм тетыгъуэр щызыIыгъа Сихъуэнрэ Аштэрэуэт щыIэщхьэтета, Бэшан щIыналъэм тепщэныгъэр щызезыхьа lуэгъурэ – ярищIами дыщыгъуазэщ. 11 Ди нэхъыжьхэми, хэкум цIыхуу исхэми гъуэмылэ зэрыдагъалъхьэри дыкърагъэжьащ, зыфхуэдгъазэу дызэрывижыIэщIэр, дарэгъу дызэхуэхъуну фыкъызэрыхуедджэр вжетIэну унафэ къытхуащIри. 12 Мыр ди щIакхъуэращ. Гъуэгу дыкъыщытехьэм, ар иджыри хуабэу унэм щытхузэралъхьат, иджы, флъагъуркъэ, ар быдэ хъури щэщащ. 13 Мыри санэ зэрызетхьэ фэндхэращ. Ахэр из щащIым, иджыри щIэрыпст. Иджы феплъыт ахэри тIорысэ зэрыхъуам. Гъуэгуанэ кIыхьым ди щыгъыныр игъэлэжьащ, ди вакъэри зэщIигъэхуащ».

14 Исрэилхэр, ТХЬЭМ емыупщIу, абыхэм я гъуэмылэр зыхуэдэм еплъащ. 15 Йушэ абыхэм зэгурыIуэныгъэ ярищIылIэри я гъащIэр ихъумэну къигъэгугъащ, исрэIил тхьэмадэхэм ар тхьэрыIуэкIэ щIагъэбыдэжащ.

16-17 КъэкIуахэр дарэгъу ящIа нэужь, исрэIилхэр гъуэгу техьэжри, ещанэ махуэм Джэбэн, Чэфырэ, Бэурэт,

Къэрэтэрам – хъыуийхэм я къалэхэм – нэсащ. Абы щыгъуэщ исрэилхэм къащащlар дарэгъу яхуэхъуахэр зэрагъунэгъур, я хэгъэгум* зэрыщыпсэур. 18 Исрэил тхьэмадэхэм ахэр ТХЬЭМ, я Тхьэм, и цlэкlэ дарэгъу зэращlам къыхэкlыу, я цlыхухэм хуадакъым хъыуийхэм теуэу. Зэрыисрэил жылагъуэу я тхьэмадэхэм хуэдэлашхэрт.

19 «ТХЬЭМ, ди Тхьэм, и цlэкlэ дарэгъу тщla хъуащ, – ядэртэкъым исрэил тхьэмадэхэм, – иджы делусэ хъунукъым абыхэм. 20 Тщlэнур мыращ: псалъэу еттам дебакъуэу бэлыхьлажьэр ди щхьэ къыхуэдмыхьыжын щхьэкlэ, ахэр псэууэ къэдгъэнэнщ.

21 Ирепсэу, – къыпащащ исрэил тхьэмадэхэм я псалъэм, – ауэ ди лъэпкъым и мэзауэ, и псыхьэ тхурехъу ахэр». Апхуэдэ щlыкlэкlэ исрэил тхьэмадэхэм я псалъэ емыпцlыжу къэнащ.

22 Йушэ Джэбэн къикlауэ щыта лыкlуэхэр къриджэри егиящ: «Гъунэгъуу фыпсэурэ пэт, жыжьэ фыкъикlауэ жыфlэу, сыт дыкъыщlэвгъэпцlар? 23 Тхьэм и нэлатыр къыфлъысащ. Си Тхьэм и Унэм фримэзгъауэу икlи фрипсыхьэу сыт щыгъуи фыщытынущ».

24 «Мы щlыгури зыlэщlилъхьэу, абы ис цlыху лъэпкъхэри зэтриукlэну ТХЬЭМ, уи Тхьэм, и жыlэщlэ Мусэ къызэрыжриlэгъам дыщыгъуазэт, – жаlащ Джэбэн къикlахэм. – Дэри ди псэм дытешыныхьащ, апхуэдэу щlэтщlари аращ. 25 Иджы уи lэмыщlэ дилъщ. Нэхъ пэжу къызэрыплъытэм хуэдэу къытхущыт».

26 Йушэ ахэр исрэилхэм щихъумэри яригъэукlакъым. 27 А махуэм къыщегъэжьауэ ахэр мэзауэу икlи псыхьэу исрэил жылагъуэм яхэсщ, сыт хуэдэ щlыпlэ ТХЬЭМ къихимыхами, а lэнатlэр абыхэм къурмэнщlыпlэм щхьэкlи ягъэзэщlэн хуейт. Нобэр къыздэсами апхуэдэущ къызэреклуэкlыр.

ЕПЩIАНЭ IЫХЬЭ

Исрэilхэр амэрейхэм зэрезэуар.

10 1 Йэрыхъуэ къалэми абы и пащтыхьми ярищlам ещхьу, Йушэ lэят къалэр иубыду ТХЬЭМ зэрыхуигъэкlуэдар, джэбэндэсхэр исрэilхэм зэгурыlуэныгъэ иращlылlауэ я гъусэу зэрыпсэур ерусэлимыпщ Адэн-Сэдыкъ щызэхихым, 2 хуабжьу къэшынащ. Пщыхэр зыдэс къалэхэм хуэдэу, Джэбэн зэрыиныр ищlэрт. Ар lэят нэхърэ нэхъ инт, дэс зауэлlхэми лlыгъэ яхэлът. 3 Ерусэлимыпщ Адэн-Сэдыкъ амэрей пщиплlым – хъэураныпщ Хьохъам, йармутыпщ Пlырам, лахъышыпщ Йафие, ахьлэныпщ Дыбир сымэ – хъыбар яригъэщlащ: 4 «Джэбэндэсхэм исрэilхэм я пашэ Йушэ зэгурыlуэныгъэ иращlылlащи, къалэм себгъэрыкlуэнущ. Фыкъакlуи фыкъыскъуэувэ! Джэбэн сыщытеуэкlэ зыкъысщlэвгъакъуэ!»

5 Амэрей пщитхур – Ерусэлимым, Хъэураным, Йармутым, Лахъышым, Ахьлэным яйхэр – зэгухьащ. Абыхэм я дзэр зы ящlри Джэбэн къатlысыхьу щlадзащ.

6 Абы щыгъуэм джэбэнхэм Йушэ деж Джылджэл щащlа увыгъэм лыкlуэхэр ягъэкlуащ. «lэщlыб думыщl! Нэхъ псынщlэу къакlуи, дыкъегъэл! – лъаlуэрт ахэр. – Бгылъэхэм ис амэреипщхэм я къарур зэщlагъэуlуэу къыттеуэну загъэхьэзырри, къыддэlэпыкъу!»

7 И зауэлl нэхъыфl дыдэхэр и гъусэу, и дзэр зэрыщыту щlыгъуу Йушэ Джылджэл къыдэкlащ. 8 «Уащымышынэ абыхэм, – жриlащ ТХЬЭМ Йушэ. – Ахэр уи lэмыщlэ ислъхьащ. Къыппэщlэтыфын абыхэм зыри яхэткъым».

9 Джылджэл къыщежьэу жэщ псокlэ гъуэгу тета Йушэ къыпэмыплъа бийм имыщlэххэу теуащ. 10 ТХЬЭМ ахэр апхуэдэ щlыкlэкlэ гужьеигъуэ хидзэри, исрэilхэм хагъэщlащ. Апхуэдэу Йушэ Джэбэн деж текlуэныгъэ ин къыщихьащ. Исрэilхэр

абыхэм якlэлъыпхъэрри Бэтхъуран ирахухащ, адэкlэ Азэкlыхь, Макъдах нэс яхуащ. 11 Исрэlилхэм ирахужьауэ, Бэтхъуран джабэм кlэрыту Азэкlыхькlэ здэжэм, ТХЬЭР уафэм уэкlэ къеухыурэ амэрейхэм яхэуащ. Уэфым цlыху нэхъыбэ иуклащ, исрэlилхэм я джатэхэм къыхагъэщlам нэхърэ. 12 ТХЬЭМ амэрейхэр исрэlилхэм я lэмыщlэ щрилъхьа махуэм Йушэ ТХЬЭМ зыхуигъазэри, Исрэlил псом и пащхьэм иту, ину жиlат:

«Джэбэн уафэгум къыщыувылэ, дыгъэ,
мазэ, Айалон тафэм къыщхьэщыт!»

13 Йашар и тхылъым[a] зэритымкlэ, исрэlилхэм бийр зэтраукlэху, дыгъэри хъеякъым, мазэри и пlэм иклакъым. Махуэ кlыхьым и кlуэцlкlэ дыгъэр къуэмыхьэу уафэгум итащ. 14 Абы и пэкlи, абы иужькlи, зэи къэхъуакъым цlыхум и апхуэдэ лъэlу ТХЬЭМ игъэзащlэу. Езы ТХЬЭР Исрэlилым щхьэкlэ зэуащ!

15 Абы иужькlэ Йушэ Исрэlил псор и гъусэу Джылджэл щащlа увыгъэм игъэзэжащ.

Амэрей пщитхур зэраукlар

16 Пщитхур щlэпхъуэжри, Макъдах пэгъунэгъу бгъуэнщlагъым зыщагъэпщкlуат. 17 Ар Йушэ щыжраlэм, 18 абы унафэ ищlащ: «Бгъуэнщlагъ щlыхьэпlэм мывэшхуэхэр lуфлъхьи къэрэгъул вгъэув. 19 Ауэ, фыкъэмыувылэу бийм фебгъэрыкlуэ! Я щlыбагъымкlэ фащытеуэурэ я къалэхэм нэвмыгъэсыж. Ахэр ТХЬЭМ, фи Тхьэм, фи lэмыщlэ кърилъхьащ».

20 Йушэрэ исрэlилхэмрэ бийр зэтраукlащ къанэ щlагъуэ щымылэу. Закъуэтlакъуэщ къелу я быдапlэхэм зыгъэзэжыфар. 21 Абы иужь дзэм бэlутlэlуншэу Йушэ деж Макъдах щащlа увыгъэм къигъэзэжри, афlэкla исрэlилхэм я гугъу зыми ищlыжакъым.

[a] **10:13** «Йашар и тхылъ»-кlэ зэджэр ди деж къэсакъым, ауэ, хуэбгъэфащэ зэрыхъунумкlэ, пасэрей журт усыгъэр щызэхуэхьэса тхылъу щытагъэнущ. «Йашар» псалъэм «цlыху захуэ», «цlыху нэс» жиlэу аращ къикlыр.

22 Абы щыгъуэм Йушэ унафэ ищlащ бгъуэнщlагъ щlыхьэплэм
lулъ мывэхэр къыlуахыу, пщитхур къыхуашэну. 23 Абы
бгъуэнщlагъым щlэса пщитхур – Ерусэлим, Хъэуран, Йармут,
Лахъыш, Ахьлэн къалэхэм я тетхэр – къыхуашащ. 24 Йушэ
исрэlилхэр къриджэри, и дзэпщхэм яжриlащ: «Мобыхэм фа-
бгъэдыхьи я пщэм фытеувэ». Дзэпщхэр пщыхэм ябгъэдыхьэри
лъакъуэклэ я пщэм теуващ.

25 «Фымышынэ икlи фыкъимыклуэт! – яжриlащ абыхэм
Йушэ. – Лыгъэ зыхэвгъэлъ! Фызэзэуэну къыфпэщылъ
бийми мы пщыхэм я махуэр ТХЬЭМ къыхуигъэклуэнущ».
26 Абы иужькlэ Йушэ пщыхэр иуклри, я хьэдэхэр жыгитхум
пригъэлъэжащ. Ахэр пщыхьэщхьэ хъуху фlэлъащ. 27 Дыгъэр
щыкъухьэм, Йушэ и унафэклэ хьэдэхэр къыфlахыжри пщыхэм
зыщагъэпщклуауэ щыта бгъуэнщlагъым щlадзэжащ. Щlыхьэплэм
lуалъхьэжа мывэшхуэхэр нобэр къыздэсым абдежым lулъщ.

28 А махуэ дыдэм Йушэ и дзэм и гъусэу Макъдахи иубыдащ.
Къалэри пщыри джатэщхьэрыклуэ ящlри къалэдэсхэр псори
ТХЬЭМ хуагъэклуэдащ. Йушэ зыри псэууэ къигъэнакъым.
Йэрыхъуэ пщым иращlа дыдэр Макъдах пщыми и натlэ хъуащ.

Ипщэ къалэхэр къызэращтар

29 Абы иужь Йушэ Исрэlил псор щlыгъуу Макъдах къикlыщ,
Лиунэклэ иунэтlри къалэм теуащ. 30 Къалэри пщыри ТХЬЭМ
Исрэlилым и lэмыщlэ ирилъхьащ. Йушэ къалэдэсхэр зэрыщыту
джатэщхьэрыклуэ ищlащ, псэ зыlут къимыгъанэу. Йэрыхъуэ-
пщым и махуэр Лиуныпщми къыхуагъэклуащ.

31 Йушэ и пашэу Исрэlилыр Лиунэ икlри Лахъыш клуащ.
Абыхэм къалэр къатlысыхьри, теуащ. 32 ТХЬЭМ Лахъышри
исрэlилхэм яритати, етlуанэ махуэм Йушэ къалэр къизэуфащ. Ли-
унэ зэрыщищlам хуэдэу, къалэри абы дэс псори джатэщхьэрыклуэ

ищlащ. 33 Лахъыш къалэм къыдэlэпыкъуну къэкlуа джэзэрыпщ
Гурами и дзэр щlыгъуу яукlащ, псэ зыlут къамыгъанэу.
34 Йушэ я пашэу исрэlилхэр Лахъыш икlри Ахьлэнклэ
яунэтlащ. Абыхэм къалэр къатlысыхьри теуащ. 35 А махуэ ды-
дэм къалэр къащтэри зэтракъутащ. Къалэдэсхэр ТХЬЭМ
хуагъэкlуэдащ, Лахъыш зэрыщащlам хуэдэу.
36 Ахьлэн икlри Йушэ я пашэу исрэlилхэр Хъэуран къа-
лэм ебгъэрыкlуащ. 37 Къалэр яубыдри пщыри, къалэдэсхэри
джатэщхьэрыкlуэ ящlащ. Псэууэ зыри къагъэнакъым. Ахьлэн
и махуэр къыхуагъакlуэу, мы къалэри пэгъунэгъуу щыс жы-
лэхэри зэтракъутащ, дэсауэ хъуар ТХЬЭМ хуагъэкlуэдащ.
38 Абы къыклэлъыкlуэу, Йушэ Исрэlилыр и гъусэу Дыбиркlэ
иунэтlри теуащ. 39 Къалэри гъунэгъуу щыс жылэхэри яубыдри,
пщыри адрей дэсхэри джатэщхьэрыкlуэ ящlащ. Псори ТХЬЭМ
хуагъэкlуэдащ, псэууэ зыри къагъэнакъым. Лиунэ, Хъэуран
къалэхэм, абыхэм япщхэм я кlуэдыклэрщ Дыбири, Дыбирыпщ-
ми я махуэ хъуар.
40 Апхуэдэу Йушэ Хъэнэней ипщэм щытепщэ пщыхэр
хигъащlэри а щlыналъэхэр зыlэригъэхьащ: бгылъэхэр, Нэ-
джэб пшахъуэщlыр, къухьэпlэ бгы жьэгъухэр, къуэкlыпlэ бгы
джабэхэр. А щlыналъэм щыпсэухэм ящыщу зыри ТХЬЭМ
къыхуиухам флэклакъым. ТХЬЭМ и унафэр игъэзащlэу, Йу-
шэ псэ зыlут зыри къимыгъанэу Абы хуигъэкlуэдащ. 41 Абы
къизэуащ Къуэдэсбэрнэl щегъэжьауэ Джазэ нэсыху, Гуэ-
шэн щlыналъэр[a] зэрыщыту Джэбэн екlуэлэжу. 42 ТХЬЭР,
Исрэlилым и Тхьэр, абыхэм щхьэклэ зэуати, Йушэ зы зекlуэ
ежьэгъуэм а щlыналъэхэри, абыхэм япщхэри иубыдыфащ.
43 Иужькlэ Йушэ Исрэlилыр и гъусэу Джылджэл щащlа
увыгъэм игъэзэжащ.

[a] **10:41** Гуэшэн щlыналъэр исрэlилхэм къазэуа щlыгум ипщэклэ дыдэм хуэзэт (а флэщыгъэцlэр илэу Мысырым щылэ щlыналъэракъым).

ЕПЩЫКІУЗАНЭ ІЫХЬЭ

Исрэlилхэр ищхъэрэпщхэм зэрытекlуар

11 1 Хьэзурыпщ Йабин къэхъуам и хъыбар щызэхихым,
мурад ищlащ пщы зыбжанэм я дзэхэр зэхуишэсыну.
Абы мадонып щ Йубабэ, Щымрэнрэ Акъшапрэ япщхэм,
2 ищхъэрэмкlэ щылэ бгылъэхэм, Чынэрэт ипщэкlэ щылэ lурдын
губгъуэм, къухьэпlэ бгы жьэгъухэм, хы lуфэм хуэзэ Ны-
фэт-Даур[a] щыпсэу пщыхэм я деж лыкlуэхэр игъэкlуащ.
3 Абы къищынэмыщlауэ, Йабин и цlыхухэр игъэкlуащ
къуэкlыпlэмкlи кхъухьэпlэмкlи щыпсэу хьэнэнейхэм япщхэми,
амэрейхэм, хьетхэм, пэризейхэм, бгылъэхэм ис еусейхэм,
Мызпэхь щlыналъэм Хьэрмуныбг лъапэр зи псэупlэ хъыуий-
хэм япщхэми я деж. 4 Хы lуфэм lулъ пшахъуэм хуэдэу зауэлl
бжыгъэншэхэр, куэдыкlей хъу шухэмрэ хьэкуэстыгухэмрэ*
хэту, дзэшхуэу къызэщlакъуэри къежьащ. 5 Исрэlилым зэре-
зэуэнум хуэхьэзыру зи къарур зэщlэзыгъэуlуа пщыхэм Меро-
мыпсым деж увыгъэ щащlащ.

6 ТХЬЭМ Йушэ жриlащ: «Уащымышынэ абыхэм. Пщэдей
мы зэманым ирихьэлlэу ахэр псори укlауэ Сэ Исрэlилым и
лэмыщlэ ислъхьэнущ. Яшхэм я хуэр зэпывупщlи[b], я хьэкуэ-
стыгухэр вгъэс».

7 Йушэ и дзэр щlыгъуу Меромыпс деж напlэзыпlэу
къыщыкъуэкlри абыхэм ятеуащ. 8 Ахэр ТХЬЭМ исрэlилхэм
я лэмыщlэ ирилъхьащ. Исрэlилыдзэм бийхэр хагъащlэри,
зэтраукlэурэ, Саидэрэ Мысрэптэмейрэ нэс, къуэкlыпlэмкlэ Мыз-
пэхь тафэм нэс яхуащ. 9 ТХЬЭМ къыжриlам тету, Йушэ абыхэм
яшхэм я хуэр зэпригъэупщlащ, я хьэкуэстыгухэр яригъэгъэсащ.

---

[a] **11:2** Е: «Даур лъагапlэхэм».

[b] **11:6** Шыхэр зауэм зыми къыщимыгъэсэбэпыфын щхьэкlэ. А лъэхъэнэм езы исрэlилхэм шы зэрахуэтэкъым.

10 А лъэхъэнэм пщыгъуэхэм нэхъыщхьэу щытар Хьэзурщ.
Зэхэуэ нэужьым Йушэ и зауэлхэр и гъусэу къалэр иубыдри
и тетри иуклащ. 11 Псэ зылут зыри къамыгъанэу къалэдэсхэр
ТХЬЭМ хуагъэклуэду джатэщхьэрыклуэ ящлащ, езы къалэри
ягъэсыжащ.

12 Пщыгъуэу хъуар, япщхэри дэклуэу, Йушэ джатэщхьэрыклуэ
ищлащ. ТХЬЭМ и жылэщлэ Мусэ зэриущиям тету, абы псо-
ри ТХЬЭМ хуигъэклуэдащ. 13 Йушэ игъэса Хьэзур нэмыщl
luащхьэхэм тета къалэхэм исрэилхэм мафlэ ирадзакъым. 14 А
къалэхэм дэлъ хъугъуэфlыгъуэхэри lэщри исрэilхэм къащтащ,
ауэ зы щlыху псэууэ къагъэнакъым. 15 Арат ТХЬЭМ Мусэ
унафэу хуищlауэ щытар, езы Муси Йушэ и пщэ ирилъхьар.
Ар Йушэ нэгъэсауэ игъэзэщlащ.

16 Апхуэдэ щlыклэклэ Йушэ щlыгу псор иубыдащ: ищхъэрэкlи
ипщэкlи щылэ бгылъэхэмрэ бгы жьэгъухэмрэ, Нэджэб
пшахъуэщlыр зэрыщыту, Гуэшэн щlыналъэр, lурдын губгъуэр.
17 Абы къизэуащ Сэlир щlыналъэм къыпэщылъ Хьэлъкъ бгым
щегъэжьауэ ливан тафэм щылэ Хьэрмуныбг лъапэм щыт Бэлэ-
джат къалэм нэсыху. А щlыналъэхэм щытепщэхэри иубыдри
зэтриуклащ. 18 Йушэ абыхэм зэман клыхьклэ езэуащ. 19 Джэ-
бэн дэс хъыуийхэм я закъуэт исрэilхэм зэгурыlуэныгъэ
къезыщlылlари, адрей лъэпкъхэр псори къазэуащ. 20 Исрэilхэм
щысхь ямыщlэу ахэр ТХЬЭМ хуагъэклуэдын щхьэклэ Езы-
рат а лъэпкъхэм я гур быдэ ищlу ерыщу зыгъэзэуар. А псор
ТХЬЭМ Мусэ къыхуищla унафэм тету ящlащ.

21 Йушэ Хъэуран, Дыбир, Анэб щlыпlэхэм, ищхъэрэкlи
ипщэкlи щылэ бгылъэхэм щыпсэу анакъхэри[a] я къалэхэри
ТХЬЭМ хуигъэклуэдащ. 22 Исрэilхэм къазэуа щlыгухэм
анакъхэм щыщу зыри къыщынакъым, ахэр къыщелар Джазэ,
Джат, Ашдэд къалэхэрщ.

[a] **11:21** Шынагъуэу ябж щlыху лъагэ лъэпкъ.

23 Апхуэдэу, ТХЬЭМ Мусэ хуищIа унафэм тету, Йушэ щIыгухэр иубыдри исрэIил лIакъуэхэм тригуэшащ. Зауэр иухри, щIым мамырыгъэ игъуэтыжащ.

ЕПЩЫКIУТIАНЭ IЫХЬЭ

Исрэilхэм хагъэщIа пщыхэр

12 1 Исрэil лъэпкъым lурдын и къуэкIыпIэмкIэ щылъ щIыгур зыIэригъэхьащ. Абыхэм яубыдат lурдын губгъуэм и къуэкIыпIэ лъэныкъуэри, Арнэн псыхъуэм щегъэжьауэ Хьэрмуныбгым нэсыху дэлъ щIыгури. А щIыгур яубыдын папщIэ, абыхэм пщитI хагъэщIат.

2 А тIум языр Хьэшбэн щыпсэуа амэреипщ Сихъуэнщ. Абы иIыгъа щIыналъэр, Джылыэдейм и ныкъуэри хэту, Арнэн lуфэм и нэпкъым тет Арэр къалэмрэ Арнэныкъуэм и кумрэ щегъэжьауэ амонейхэм я гъунапкъэу щыт Йабэкl псыхъуэм нэсырт. 3 Абы къищынэмыщIауэ, Сихъуэн иIыгъащ Чынэрэт хыжьейм и къуэкIыпIэмкIэ Хы Шыугъэм нэсыху щылъ lурдын губгъуэри, Бэтхьэшэмэт къалэм и лъэныкъуэкIи Пэсыдж бгы лъапэхэм ипщэlуэкIи къекlуэкl щIыгури.

4 Апхуэдэуи Мусэрэ исрэIилхэмрэ хагъэщIат арэфейхэм[a] къащIэнахэм яцыщу Аштэрэуэтрэ Едрейрэ щыпсэуа бэшанышщ lуэгъу. 5 Абы иIыгъащ Хьэрмуныбгри, Сэлэч къалэри, джэшурейхэмрэ мэхъейхэмрэ я щIыналъэхэм екlуалIэ Бэшанри. Къищынэмыщlауэ, абы и lэмыщIэ илъащ Джылыэдейм и ныкъуэр, Хьэшбэн къалэм и тепщэ Сихъуэн и щIыгухэм я гъунапкъэм нэс.

6 ТХЬЭМ и жыIэщIэ Мусэ исрэIил зауэлIхэр и гъусэу ахэр зэтриукIэри абыхэм я щIыгухэр рэбилхэм, джадхэм, Минащ и лIакъуэм и ныкъуэм яритат.

[a] **12:4** Анэкъымхэм хуэдэу щIыху лъагэ лъэпкъщ.

7 Йушэ, исрэlилхэр щlыгъуу, lурдыныпсым и къухьэпlэмкlэ щыlэ щlыналъэхэм япщхэри хигъэщlащ. Абыхэм яlыгъащ ливан тафэм щыlэ Бэлэджат къалэм щегъэжьауэ Сэlир щlыналъэм къыпэщылъ Хьэлъкъ бгым нэс къыщылъ щlыгур. Ар зэрыщыту Йушэ исрэlил лlакъуэхэм ятригуэшащ. 8 Абы хыхьэрт бгылъэхэр, къухьэпlэ бгы жьэгъухэр, lурдын губгъуэр, къуэкlыпlэ бгы джабэхэр, пшахъуэщlыр, абы хиубыдэ Нэджэб щlыпlэр, – хьетхэм, амэрейхэм, хьэнэнейхэм, пэризейхэм, хъыуийхэм, еусейхэм ящlхэр.

9 Абыхэм япщхэр щытепщэу щыта къалэхэмрэ щlыпlэхэмрэ:

Йэрыхъуэ, Бэтlэл пэгъунэгъу lэят, 10 Ерусэлим, Хъэуран, 11 Йармут, Лахъыш, 12 Ахьлэн, Джэзэр, 13 Дыбир, Джэдэр, 14 Хъуэрымэ, Арэд, 15 Лиунэ, Адулам, 16 Макъдах, Бэтlэл, 17 Тэпахъ, Хъыфыр, 18 Афэкъ, Шарон, 19 Мадон, Хьэзур, 20 Щымрэнымрэн, Акъшап, 21 Тэlэнэч, Мэджыдэ, 22 Къуэдыщэ, Къармэлым щlэт Йокънэlэм, 23 Ныфэт-Даур и гъунэгъуу щыlэ Даур, Джылджэл деж щыlэ[a] Хьэим, 24 Тырзей.

Псори зэхэту пщыуэ щэщlрэ зы хагъэщlат.

ЕПЩЫКlУЩАНЭ lЫХЬЭ

Исрэlилхэм къамызэуа щlыгухэр

13 1 Нун и къуэ Йушэ и ныбжьыр щыкlуатэм, ТХЬЭМ къыжриlащ: «Уэ жьы ухъуащ, уи гъащlэ гъуэгур и кlэм ноблагъэ, ауэ къэзэун хуейуэ щlы куэд иджыри къонэ:

2 Иджыри фылистейхэмрэ джэшурейхэмрэ[b] я щlыналъэхэр къэзэун хуейщ. 3 Хьэнэнейхэм иджыри яlыгъщ Мысырым и къуэкlыпlэмкlэ щыlэ Шыхьэрыпсым щегъэжьауэ ищхъэрэмкlэ

[a] **12:23** Е «Джалил хыхьэ».

[b] **13:2** Фылистейхэм я хэгъэгум ипщэ-къуэкlыпlэмкlэ къыщылъ щlыналъэм щыпсэу лъэпкъщ, 12:5-м зи гугъу ищl джэшурейхэракъым.

Акурэн и гъунапкъэхэм нэс дэлъ щlыгур. Абы хеубыдэ фылистей пщитхум я къалэхэри (Джазэ, Ашдэд, Ашкъэлэн, Джат, Акурэн), ипщэклэ щылэ ауийхэм я щlыналъэхэри. 4 Иджыри убыдын хуейщ ищхъэрэклэ щылэ хьэнэнейхэм ящlхэр зэрыщыту, Саидэ щlыгум хыхьэ lэры щегъэжьауэ Афэкъ къалэм нэс, амэрейхэм я щlыгум еклуалlэу. 5 Ищхъэрэклэ щылэ джыбылхэм я щlыгухэри, къуэкlыплэмклэ – зэры-Ливануи, Хьэрмуныбгым клэщlэт Бэлэджат щегъэжьауэ Лэухьэмэт нэс дэлъ щlыри къэзэун хуейщ.

6 Исрэlилхэм папщlэ Сэ Езым ливан бгылъэхэм щегъэжьауэ Мысрэптэмей нэсыху щыпсэухэр, саидейхэри хэту, исхунущ. Си унафэм тету а щlыгур Исрэlилым хухэхи, 7 лъэпкъым и лlакъуибгъумрэ Минащ и лlакъуэм и ныкъуэмрэ ятегуашэ».

lурдын и къуэкlыплэмклэ щылъ щlыр зэрагуэшар

8 ТХЬЭМ и жыlэщlэ Мусэ lурдын и къуэкlыплэмклэ щылъ щlыгур щигуэшым, Минащ и лlакъуэм и адрей ныкъуэми, рэбилхэми, джадхэми щlы lыхьэ ялъигъэсат.

9 Ар Арнэн lуфэм и нэпкъым тет Арэр къалэмрэ къуэм дэс жылэмрэ щегъэжьауэ, Мэдэбэ и бгыщхьэ тафэр хиубыдэу, Дыбэн нэсырт. 10 Къищынэмыщlауэ абы хыхьэрт Хьэшбэн щытепщэу щыта амэреипщ Сихъуэн и къалэхэр псори, амонейхэм я гъунапкъэхэм нэсыху. 11 Адэклэ абы хыхьэрт Джылыlэдейр, джэшурейхэмрэ мэхъейхэмрэ я щlыналъэр, Хьэрмуныбгыр, зэры-Бэшан хэгъэгуу* Сэлэч нэсыху – 12 Аштэрэуэтрэ Едрейрэ я тету щыта бэшанышщ lуэгъу и щlыналъэхэр псори. (lуэгъу и закъуэт арэфейхэм къащlэнар) А пщыхэр Мусэ хигъащlэри я щlыгур иубыдат. 13 Ауэ исрэlилхэм джэшурейхэмрэ мэхъейхэмрэ я щlыналъэм ирахуатэкъым. Ахэр иджыри къыздэсым исрэlилхэм я гъусэу мэпсэу.

14 Мусэ щIы IыхьэзримытукъэнарЛэбий и лIакъуэзакъуэрщ.
ТХЬЭМ Мусэ къызэрыжриIащи, лэбийхэм Iыхьэ хуэхъур
ТХЬЭМ, ИсрэIилым и Тхьэм, шхын тыхь хуащIыращ.

Рэбил и лIакъуэм къылъыса щIы IыхьэР

15 Рэбил и лIакъуэм хыхьэ лъэпкъхэм Мусэ щIы Iыхьэуяритармыращ:

16 Арнэн IуфэминэпкъымтетАрэркъалэмрэкъуэмдэс
жылэмрэ щегъэжьауэ Мэдэбэ бгыщхьэ тафэр зэрыщыту;
17 ХьэшбэнщIыналъэри абы хиубыдэу бгыщхьэ тафэм тет
къалэхэри: Дыбэн, Бэмэтбэлэл, Бэтбэлэлмэlун, 18 Йахьэз,
Къэдэмэт, Мыпэлэт, 19 Къэрэтэим, Сибмэхь, къуэмкIэ щыIэ
IуащхьэмтетСэрытшэхъыр, 20 Бэтпэlуэр; абы нэмыщI Пэсыдж,
Бэтхьэшэмэт джабэхэр.

21 Бгыщхьэ тафэм тет къалэхэм нэмыщI, Рэбил и лIакъуэм
къылъыса щIыналъэхэм хиубыдэрт Хьэшбэн и тету щыта амэ-
реипщ Сихъуэн и lэмыщIэ илъа ипщэщIхэр зэрыщыту. Мусэ
хигъэщIащ ари, а щIыгум щыпсэуа миданыпщхэри – Ауий,
Арчэм, Зур, Хъур, Арбей сымэ. Ахэр псори Сихъуэн и дарэ-
гъут*. 22 Зауэм щауклахэм нэмыщI, тхьэгурымагъуэ Бэлэlэм,
Бэур и къуэр, исрэIилхэм джатэщхьэрыкIуэ ящIащ. 23 Рэбилхэм
я гъунапкъэр lурдыныпсым и lуфэрат.

А къалэхэмрэ абыхэм япэмыжыжьэу щыс жылэхэмрэ Рэбил
и лIакъуэм хыхьэ лъэпкъхэм трагуэшащ.

Джад и лIакъуэм къылъыса щIы IыхьэР

24 Джад и лIакъуэм хыхьэ лъэпкъхэм Мусэ Iыхьэ яхуищIыгъар
мыращ:

25 Йазэр и щIыр, Джылыlэдейм хыхьэ къалу хъуар, амонейхэм
я щIым и нык ъуэр, Арбэхь пэгъунэгъу Арэр нэсыху; 26-27 Адэкlэ

абыхэм къалъысат хьэшбэныпщ Сихъуэн и пщыгъуэм къыхэна ищхъэрэщlхэр – Хьэшбэн щегъэжьауэ Арэмэхь-Мызпэхьрэ Бэтунымрэ нэс, Мухьэним щыщlэдзауэ Дыбир и щlыгум екlуалlэу. Абыхэм яритат Чынэрэт хыжьейм и ипщэ гъунэм нэсыху lурдын губгъуэм и къуэкlыпlэмкlэ щыlэ Бэтхьэрэм, Бэтнымрэхь, Сэкъуэт, Дзэфэн къалэхэри.

28 А къалэхэр, lэгъуэблагъэхэм щыlэ жылагъуэхэри хэту, джадхэм къалъысащ.

Минащ и лlакъуэм и ныкъуэм къылъыса щlы lыхьэр

29 Минащ и лlакъуэм и ныкъуэм хыхьэ лъэпкъхэм Мусэ яритауэ щыта щlыр мыращ:

30 Мухьэним ищхъэрэкlэ щылъ щlыгум щыщlэдзауэ Бэшан псор (lуэгъу и пщыгъуэр), зэгуэр Йаlир Бэшан щиубыдауэ щыта къуажэ хыщlри хэту; 31 Джылыlэд щlыналъэм и ныкъуэри, lуэгъу щытепщэу щыта Аштэрэуэт, Едрей къалэхэри Минащ и къуэ Мэхьир и лъэпкъым и ныкъуэм ялъысащ.

32 Апхуэдэущ Мусэ щlыр зэригуэшауэ щытар Йэрыхъуэ и къукlыпlэмкlэ, lурдынып адрыщlкlэ къыщылъ Мэуабей тафэм щитам. 33 Ауэ Лэбий и лlакъуэм Мусэ щlы lыхьэ иритатэкъым. Абы lыхьэу къалъысар, Мусэ зэражриlамкlэ, ТХЬЭРЩ, Исрэlилым и Тхьэрщ.

ЕПЩЫКlУПЛlАНЭ lЫХЬЭ

lурдын и къухьэпlэмкlэ щылэ щlыгухэр зэрагуэшар

14 1-4 ТХЬЭМ Мусэ зэриущиям тету, lурдын и къухьэпlэмкlэ щыlэ Хьэнэней щlыналъэр лlакъуибгъурэ ныкъуэм трагуэшащ. Пхъэидзэр зыщlар исрэlил лlакъуэхэм я

нэхъыжьхэр, тхьэпщ Елизар, Нун и къуэ Йушэ сымэщ. Іурдын и къуэкІыпІэмкІэ Мусэ лІакъуитІрэ ныкъуэм[a] щІы Іыхьэ яритауэ щытат. Лэбий и лІакъуэм щІыгу къылъысакъым, ауэ щыпсэуну къалэхэмрэ я Іэщыр щагъэхъуну хъупІэхэмрэ къыхухахащ. Ауэ Исуф лІакъуитІ – Минащрэ Ефрэімрэ – къызэрытехъуклам къыхэкІыу, Іурдын и къухьэпІэмкІэ илъ щІыгухэр лІакъуибгъурэ ныкъуэм[b] къалъысырт. 5 Апхуэдэущ Исрэілхэм, ТХЬЭМ Мусэ къызэрыжриІам тету, щІыгур зэрагуэшар.

Хъэуран къалэр Хьэлэб зэрыратар

6 Исрэілхэр иджыри Джылджэл щыщыІэм, Ехьудэ и лІакъуэм щыщ щІыхухэр Йушэ деж кІуащ. Абыхэм яхэта чыназейхэм ящыщ Йофэн и къуэ Хьэлэб Йушэ зыхуигъэзащ: «Уэ бощІэ ТХЬЭМ уэрэ сэрэ ттеухууэ Тхьэм и щІыху Мусэ Къуэдэсбэрнэл щыжриІауэ щытар. 7 Сэ илъэс плІыщІ сыхъуу арат Къуэдэсбэрнэл сикІыу щІыгуаплъэ ТХЬЭМ и жылэщІэ Мусэ сыщигъэкІуам. Хъыбар пэж къыхуэсхьри сыкъэкІуэжат, 8 ауэ си гъусэу накІуэу къэкІуэжа си къуэшхэм ди лъэпкъыр ягъэшынащ. Си щхьэкІэ ТХЬЭМ, си Тхьэм, сыхуэпэжащ. 9 А махуэм Мусэ тхьэрыІуэкІэ сыкъигъэгугъат: “Гукіи псэкіи ТХЬЭМ, си Тхьэм, узэрыхуэпэжам папщІэ уи лъэр зытеува щІыгур уэрэ уи щІэблэмрэ къыфлъысынущ”.

10 Исрэілыр пшахъуэщым щита зэманым Мусэ къритауэ щыта псалъэм тетыжу, нобэр къыздэсым ТХЬЭМ сегъэпсэу. Абы лъандэрэ илъэс плІыщІрэ тхурэ мэхъу. Иджыпсту си ныбжьыр илъэс пщІейрэ тхурэ ирокъу, 11 икІи Мусэ тІасхъэщІэх сыщигъэкІуа махуэм хуэдабзэу сыбыдэщ, абы щыгъуэ сиІа къарум хуэдиз дыдэ иджыри сиІэщ, зэхэуэм срихэтыну. 12 Аращи, а махуэм ТХЬЭМ зи гугъу ищІауэ щыта бгылъэхэр къызэт.

---

[a] **14:1-4** Минащ и лІакъуэм и ныкъуэри хиубыдэу. Еплъ 12:6.

[b] **14:1-4** Минащ и лІакъуэм и адрей ныкъуэр хиубыдэу.

Уэ езым зэхэпхауэ щытащ абыхэм анакъхэр зэрисыр, абыхэм я къалэхэр зэрыиныр, быдапlэхэр зэралэр. Ауэ ТХЬЭР си гъусэмэ, зэрыжиlам хуэдэу ахэр исхуфынущ».

13 Тхьэм и нэфl щыхуэну Йушэ Хьэлэб хуэлъаlуэри, Хъэуран къалэр къритащ. 14-15 Ипэкlэ Хъэуран Къэрэтэрбэкlэ еджэу щытащ; lэрбэ анакъхэм нэхъ лъэщ дыдэу яхэта цlыхут. Иджы къалэр чыназейхэм ящыщ Йофэн и къуэ Хьэлэб и lэмыщlэ иралъхьащ ТХЬЭМ, Исрэlилым и Тхьэм, зэрыхуэпэжам папщlэ.

Зауэр увыlэри, щlыгур мамыр хъужащ.

ЕПЩЫКlУТХУАНЭ lЫХЬЭ

Ехьудэ и лlакъуэм къылъыса щlы lыхьэр

15 1-3 Ехьудэ и лlакъуэм пхъэидзэкlэ къылъыса щlыгум и гъунапкъэр мы щlыпlэхэмрэ щlыналъэхэмрэ ирикlуэрт:

Ипщэ гъунапкъэр:
Хы Шыугъэм и ипщэ lуфэм
lэкърэб лъагапlэм
Едумей хэгъэгум къыбгъурыт Зын пшахъуэщlым
Къуэдэсбэрнэl къалэм
Хьэзырун къалэм
Адар къалэм
Къэркъа къалэм
4 Азмэн къалэм
Мысыр гъунапкъэм деж щылэ псыхъуэм ирикlуэу
Щlыкурытыхым нэсыху;
5 Къуэкlыпlэ гъунапкъэр:
Хы Шыугъэм lуфэм
lурдын хым щыхэлъэдэжым;
Ищхъэрэ гъунапкъэр:
lурдын хым щыхэлъэдэжым

6 Бэтхъуэлахь къалэм
Бэтарэбей къалэм ищхъэрэкlэ
Рэбил къытехъукlыжа Бохьэн и мывэшхуэм
7 Ахъуэрыкъуэм[a]
Дыбир къалэм
псыежэхым ипщэкlэ щыlэ, Адэмым дэкlыплэм
къыпэщылъ Джылджэл къалэм
Аншэмэш псынащхьэм
Аргуэл псынащхьэм
8 еусей къалэм (Ерусэлим) ипщэкlэ щыlэ Хьинэмкlэ
зэджэ къуэм
Арэфэкъуэм ищхъэрэмкlэ хуэзэу Хьинэмыкъуэм и
къухьэплэмкlэ щыlэ бгыщхьэм
9 Напэтыхь псы къыщlэжыплэм
Ефрэн бгылъэм ит къалэхэм
Бэlэлэхь (иджырей Къэрэтэрам) къалэм
10 Бэlэлэхь и къухьэплэмкlэ щыт Сэlир бгым
Йэрам бгым и ищхъэрэ джабэм (Къэсэлын къалэм)
Бэтшэмэш къалэм
Тэминэ къалэм
11 Акурэн къалэм ищхъэрабгъумкlэ
Шыкърын къалэм
Бэlэлэхь бгым
Йабнэlил къалэм
Щlыкурытыхым;
12 Къухьэплэ гъунапкъэр:
Щlыкурытых lуфэм ирикlуэрт.

Апхуэдэт Ехьудэ и лакъуэм хыхьэ лъэпкъхэм трагуэша щlым и гъунапкъэхэр.

13 ТХЬЭМ къыхуищla унафэм тету, Йушэ Ехьудэ и лакъуэм и щlыгум щыщ lыхьэ Хьэлэб къритащ. Абы къылъысар

[a] **15:7** 7:24-м зи гугъу щищl Ахъуэрыкъуэрауэ къыщlэкlынукъым.

Къэрэтэрбэ (Хъэуран) къалэрщ. (Iэрбэ Анакъ и адэжьхэм щыщт). 14 Хьэлэб Хъэуран къалэм къыдихуащ Анакъ къытехъукIыжа Шэшай, Ахъиймэн, Тэлмай сымэ, я лъэпкъхэри щIыгъуу. 15 Абы къикIри ар дыбирдэсхэм ятеуащ. Ипэкlэ а къалэм зэреджэу щытар Къэрэтсэфэрщ. 16 Хьэлэб игъэхъыбаращ: «Къэрэтсэфэр къалэм теуэу ар къэзыщтэфым сипхъу Iэхъса щхьэгъусэу естынущ», – жиIэри.

17 Хьэлэб и къуэш[a] Чыназ и къуэ Iэтнэил къалэр иубыдати, Хьэлэб ипхъу Iэхъса абы щхьэгъусэу иритащ.

18 Зы махуэ гуэрым Iэхъса и дыщым кIуэжащ. Абы Iэтнэил хуит зыкъригъэщIащ и адэм щIы Iыхьэ щхьэкIэ елъэIуну. Къэсыжу шыдым къепсыха Iэхъса и адэр къеупщIащ: «Сытым укъытхуихьыжа, си хъыджэбз?» – жиIэри.

19 «Уи нэфl къысщыхуи, си адэ, – къригъэжьащ Iэхъса, – Нэджэб пшахъуэщIым сыщыпсэун хуейуэ лIы сыщептакIэ, псынэхэри къызэтыж».

Хьэлэб и пхъум и лъэIур хуигъэзащIэри, Ипщэ псынэри Ищхъэрэ псынэри иритащ.

20 Мис Ехьудэ и лIакъуэм хыхьэ лъэпкъхэм къалъыса щIыгур:

21 Ипщэкlэ Едумей и гъунапкъэхэм пэгъунэгъуу щагуэша щIыналъэм хыхьэрт:

Къэбдзэл, Едэр, Йагъур, 22 Къинахь, Дымнахь, Адэхъ, 23 Къуэдыщэ, Хьэзур, Iытнан, 24 Зиф, TIэлэм, Бэулэт, 25 Хьэзур-Хъэдыхь, Къэрэтэхьэзырун (иджырей Хьэзур), 26 Амэм, Щымal, Мулэд, 27 Хьэзэргъэдэхь, Хьэшмэн, Бэтпэлэт, 28 Хьэзэршуlэл, Бэрщабэ, Бзитыхь, 29 Бэlэлэхь, Iимэ, Асэм, 30 Алътэлэд, Къэсыл, Хъуэрымэ, 31 Зычлъэгу, Мыдмэнэхь, Сынэсанэхь, 32 Лэботl, Шылъхъым, Iэин, Армун сымэ. Псори

[a] **15:17** «Хьэлэб и къуэш» жыхуиIэр Чыназрэ Iэтнэилрэ зэхьэлIар хэтми пасэрей журтыбзэкIэ тха Iэрытххэм гурыIуэгъуэу щыткъым.

зэхэту къалэ тIощIрэ бгъурэ я lэгъуэблагъэхэм щыс жылагъуэхэри щIыгъужу ехьудейхэм ираташ.

33 Къухьэпlэ бгы жьэгъухэм ищхъэрэкlэ щагуэша щIыналъэм[a] хыхьэрт:

Ащтэlэл, Зорэ, lэщныхь, 34 Занэуэхъу, Анджэным, Тэпахъ, lенам, 35 Йармут, Адулам, Сэхэу, Азэкlыхь, 36 Шэlэраим, Адитlым, Джэдэрахъ (е Джэдэрэфlым)[b] – къалэу пщыкlуплIрэ абыхэм я lэгъуэблагъэхэм щыс жылагъуэхэмрэ.

37 Къухьэпlэ бгы жьэгъухэм ипщэкlэ щагуэша щIыналъэм хыхьэрт[c]:

ЩIынэн, Хъэджыхь, Мыдджэлгъэд, 38 Дылlэун, Мызпэхь, Йокътэlил, 39 Лахъыш, Бозкъат, Ахьлэн, 40 Къэбын, Лъахъмэс, Къытlлыш, 41 Джэдырыт, Бэдэгъуэн, Нэlэмэ, Макъдах – къалэу пщыкlухрэ абыхэм я lэгъуэблагъэхэм щыlэ жылагъуэхэмрэ.

42 Къухьэпlэ бгы жьэгъухэм я кум хуэзэу щагуэша щIыналъэм хыхьэрт[d]:

Лиунэ, lэтэр, Ашан, 43 Етыхь, lэщныхь, НэцIыб, 44 Чэlил, Акlэзибэ, Мэрэш – къалибгъурэ абыхэм я lэгъуэблагъэхэм щыс жылагъуэхэмрэ.

45 Къыкlэлъыкlуэ щIыналъэр хы lуфэм къыщылът. Абы мы къалэхэр хыхьэрт[e]:

Акурэн, абы и lэгъуэблагъэхэм щыlэ къуажэхэри хэту; 46 Акурэн и къухьэпlэмкlэ – Ашдэд пэгъунэгъуу щыlэ

---

[a] **15:33** *ищхъэрэкlэ щагуэша щIыналъэм* Мы псалъэхэр пасэрей журтыбзэкlэ тха lэрытххэм хэткъым.

[b] **15:36** *Джэдэрахъ (е Джэдэрэфlым)* Е: «Джэдэрахърэ Джэдэрэфlымрэ».

[c] **15:37** *Къухьэпlэ бгы жьэгъухэм ипщэкlэ щагуэша щIыналъэм хыхьэрт* Мы псалъэхэр пасэрей журтыбзэкlэ тха lэрытххэм хэткъым.

[d] **15:42** *Къухьэпlэ бгы жьэгъухэм я кум хуэзэу щагуэша щIыналъэм хыхьэрт* Мы псалъэхэр пасэрей журтыбзэкlэ тха lэрытххэм хэткъым.

[e] **15:45** *Къыкlэлъыкlуэ щIыналъэр хы lуфэм къыщылът. Абы мы къалэхэр хыхьэрт* Мы псалъэхэр пасэрей журтыбзэкlэ тха lэрытххэм хэткъым.

къалэхэри гъунэгъуу щыс жылагъуэхэри; 47 Езы Ашдэд, абы и lуэгъуэблагъэхэм щылэ жылагъуэхэри хэту; Джазэ, абы пэгъунэгъуу щыс жылагъуэхэри хэту, Мысыр гъунапкъэм деж щылэ псыхъуэми Щlыкурытых lуфэми нэсыху.

48 Къыкlэлъыкlуэ щlыналъэхэр бгылъэхэм щылэт. Япэм хыхьэрт:

Щамыр, Йатыр, Сэхэу, 49 Дэныхь, Къэрэтсан (иджырей Дыбир), 50 Анэб, Аштlымыхь, Аним, 51 Гуэшэн, Хъуэлlын, Джылэу – къалэу пщыкlузрэ абыхэм я lэгъуэблагъэхэм щылэ жылагъуэхэмрэ.

52 Къыкlэлъыкlуэм хыхьэрт:

Рэбахь, Думэхь, lэшан, 53 Йаным, Бэтэпахъ, Афэкъэхь, 54 Хъумэтыхь, Къэрэтэрбэ (иджырей Хъэуран), Цыджэр – къалибгъурэ абыхэм я lэгъуэблагъэхэм ис жылагъуэхэмрэ.

55 Иджыри зы щlыналъэм хыхьэрт:

Мэуан, Къармэл, Зиф, Йутlахь, 56 Изрэlэл, Йокъдэlэм, Занэуэхъу, 57 Къаин, Джыбэхь, Тэминэ – къалипщlрэ абыхэм lэшэлъашэхэм ис жылэхэмрэ.

58 Къыкlэлъыкlуэм хыхьэрт:

Хъалхъул, Бэтзур, Джэдыр, 59 Malэрэт, Бэтэнэуэт, Елътыкъуэн – къалихрэ абыхэм я lэгъуэблагъэхэм щылэ жылэхэмрэ.

Нэгъуэщl щlыналъэм хыхьэрт:[a]

Tlакъуэ, Ефэрэфl (Бэтлахьым), Пэluэр, Етэм, Къулэн, Tlытlэм, Щорэщ, Къарым, Джэлым, Бэтlэр, Мынахъыт – псори зэхэту къалэ пщыкlузрэ абыхэм я lэшэлъашэхэм ис жылагъуэхэмрэ.

60 Иджыри зы щlыналъэм хыхьэрт:

[a] **15:59** Мы ягуэша щlыналъэм хыхьэ къалэхэр къыщрабжэкlыр пасэрей алыджыбзэкlэ тха lэрытххэрщ. Пасэрей журтыбзэ lэрытххэр къизытхыкlыжахэм ящыщ гуэрым дигъэхуауэ къыщlэкlынщ.

Къэрэтбэlэл (Къэрэтэрам), Арбэхь – къалитlрэ абыхэм я lэгъуэблагъэхэм ис жылэхэмрэ.

61 Иужьрей щlыналъэр пшахъуэщlым хуэзэт, Хы Шыугъэм и lуфэм къыщылът. Абы хыхьэрт мы къалэхэр:

Бэтарэбей, Мидин, Сыкъакъэхь, 62 Ныбшэн, lырхьэмылэхъ, Ангъэдий – къалихрэ абыхэм я lэгъуэблагъэхэм ис жылагъуэхэмрэ.

63 Ерусэлим щыпсэу еусейхэр ехьудейхэм дамыхужыфауэ иджыри къыздэсым Ехьудэ къытехъукlыжахэм я гъусэу абы щопсэу.

ЕПЩЫКlУХАНЭ lЫХЬЭ

Ефрэlимхэмрэ минащхэмрэ къалъыса щlыгур

16 1 Исуф къытехъукlыжахэм пхъэидзэкlэ къалъыса щlыгум и ипщэ гъунапкъэр lурдын пэмыжыжьэу, Йэрыхъуэ пэгъунэгъуу къыщlэж псынэм и къуэкlыпlэмкlэ къыщыщlидзэрти пшахъуэщlым иту Бэтlэл бгылъэхэм нэсырт. 2 Абы икlырти ар Лузкlэ кlуэрт, аркъыхэм я щlыналъэу щыт Атэрэт къалэм нэсырт, 3 адэкlэ къухьэпlэмкlэ игъазэрт, Бэтхъуран Ищхъэрэмкlэ афлъэтхэм ящlхэмкlэ ехырт, Джэзэр къалэм нэсырти, хым деж щиухырт.

4 Арат Исуф и къуэхэу Минащрэ Ефрэlимрэ къатехъукlыжахэм я щlыгухэр.

Ефрэlим и лlакъуэм ирата щlыгур

5 Мис Ефрэlим и лlакъуэм хыхьэ лъэпкъхэм къалъыса щlыгур:

Абыхэм ирата щlы lыхьэм и ипщэ гъунапкъэр lэтрэтlэдыр и къуэкlыпlэмкlэ къыщыщlидзэрти Бэтхъуран Ипщэм нэсырти, 6 хы lуфэм деж щиухырт. Ищхъэрэкlэ Мыкъмэтат щегъэжьауэ гъунапкъэм къуэкlыпlэмкlэ Тэнахъшылохькlэ зигъазэрти,

адэкlэ Йаныхъу къалэм нэсырт. 7 Къуэкlыпlэ гъунапкъэр Йаныхъу щыщlэдзауэ Атэрэткlэ, Ныlэрыхькlэ макlуэ, Йэрыхъуэ гуохьэри lурдын хуозэж. 8 Ищхъэрэ гъунапкъэр Мыкъмэтат и ипщэрабгъукlэ щылэ Тэпахъ деж щегъэжьауэ къухьэпlэмкlэ Къэнахьыпсым нэсырти хы lуфэм екlуэлlэжырт. ЩIыуэ Ефрэlим и лlакъуэхэм къалъысар аращ. 9 Абы иджыри хыхьэрт минащхэм я щlыгухэм къыхагъэкlа къалэхэмрэ абыхэм я lэгъуэблагъэхэм ис жылагъуэхэмрэ.

10 Ефрэlимхэм Джэзэр дэс хьэнэнейхэр къыдахуакъым; ахэр щхьэхуимыту яlыгъми, нобэр къыздэсым ефрэlимхэм яхэсу мэпсэу.

ЕПЩЫКIУБЛАНЭ IЫХЬЭ

Къухьэпlэмкlэ щылэ щlыгухэм щыщу Минащ и лlакъуэм иратар

17 1 Исуф и щыпэлъху Минащ и лlакъуэми пхъэидзэкlэ щlы къылъагъэсащ. Джылыlэдхэр къызытехъукlыжа Минащ и щыпэлъху Мэхьир Джылыlэдейрэ Бэшанрэ иратащ, мэхьирхэм зауэлl хахуэу зыкъагъэлъэгъуати. 2 Минащ и лlакъуэм хыхьэ адрей лъэпкъхэм – Абэзэр, Хьэлэкl, Асрэlил, Шэчэм, Хъыфыр, Шэмыдэ сымэ – lурдын и къухьэпlэ лъэныкъуэмкlэщ щlыгу щратар. А лъэпкъхэм ящыщщ щlы lыхьэ зылъыса щlыхухъухэр.

3 Минащ и къуэрылъху Джылыlэд Хъыфыркlэ еджэу къуэ иlат. Абы и къуэ Зэлфэхьэд къуэ иlэтэкъым, и бынхэр пхъу защlэт – Мэлэхь, Нуlэху, Хулэхь, Милэч, Тырзей сымэ. 4 Ахэр тхьэпщ Елизар, Нун и къуэ Йушэ, лъэпкъым и пашэхэм я деж кlуэри: «ТХЬЭМ Мусэ унафэ хуищlат ди лlакъуэм и щlыхухъухэм хухаха щlыгум щыщ дэри къыдитыну» – жаlэу зыхуагъэзащ.

Икlи Йушэ, ТХЬЭМ и псалъэм тету, абыхэм я адэ къуэшхэм къалъыса щlы lыхьэм хуэдэ зэшыпхъухэми яритащ. 5-6 Апхуэдэу, цlыхубзхэм иратари хэту, lурдын и къуэкlыпlэмкlэ щыlэ Джылыlэдейрэ Бэшанрэ нэмыщl, Минащ и лакъуэм щlы lыхьэу пщlы къылъысащ. Джылыlэдейр Минащ и лакъуэм къытехъукlа адрей цlыхухъухэм яй хъуащ.

7 Минащхэм къухьэпlэмкlэ щаlэ щlым Ащир и лакъуэм и щlыналъэмрэ Шэчэм къалэм и гупэмкlэ къыщылъ Мыкъмэтатрэ я кум зыщиубгъуат. Я гъунапкъэхэр абдежым щегъэжьауэ ипщэкlэ Антэпахъ нэс кlуэрт. 8 (Тэпахъ и lэгъуэблагъэхэр минащхэм къалъысащ, ауэ гъунапкъэм тет езы Тэпахъ къалэр ефрэlимхэм къаlэрыхьащ). 9 Адэкlэ гъунапкъэм Къэнахьыпсымкlэ иригъэзыхырт, минащхэм я щlыналъэхэм псым ищхъэрабгъумкlэ ирикlуэрти, хы lуфэм деж щиухырт. Абыкlэ щыlэ къалэхэм языныкъуэхэр ефрэlимхэм яйт. 10 Къэнахьыпсым ипщэкlэ илъ щlыгур ефрэlимхэм, ищхъэрэкlэ щыlэр – минащхэм яйт. Минащхэм я щlыр хы lуфэм щыщlидзэрти, ищхъэрэкlэ Ащир нэсырт, къуэкlыпlэмкlэ Ищэхъар деж щиухырт.

11 Ищэхъар, Ащир щlыналъэхэм хыхьэу Минащ и лакъуэм иlыгът Бэтшан, Еблэlэм, Даур, Андор, Тэlэнэч, Мэджыдэ къалэхэр, абыхэм и lэгъуэблагъэхэм щыlэ жылагъуэхэри щlыгъуу (ещанэр Ныфэтщ[a]).

12 Минащхэм а къалэхэр къазэуфатэкъыми, абыхэм хьэнэнейхэр къыдэнауэ дэст. 13 Иужьым, исрэlилхэм я лъэкlыныгъэм щыхэхъуам, хьэнэнейхэр щхьэхуимыт ящlащ, ауэ хэгъэгум ирахуакъым.

[a] **17:11** Мыр зэхьэлlар кърабжэкl щlыпlэхэм ещанэу хэт Дэуэрыра хъунщ. Еплъ 11:2-м хэт Ныфэт-Даур.

Ефрэlимхэмрэ минащхэмрэ щlыгу нэхъыбэ къратыну зэрыщlэлъэlуар

14 Зэгуэрым Исуф къытехъукlыжахэм Йушэ зыхуагъэзащ:
«Дэ дылъэпкъышхуэщ икlи ТХЬЭМ и нэфl къытщыхуащ.
Ауэ уэ къытлъыбгъэсар зы щlы lыхьэ къудейщ», – жаlэри.
15 «Ефрэlим бгылъэхэр къывэмэщlэкlыу апхуэдэу куэд
фыщыхъукlэ, – яритащ абыхэм жэуап Йушэ, – пэризейхэмрэ
арэфейхэмрэ я хэкум щыlэ мэзхэр къэвгъэкъабзэ».
16 Исуф къытехъукlахэм жэуап къатащ: «Пэжщ, бгылъэхэр
къыдомэщlэкl, ауэ тафэр дубыдыфынукъым. Абы – Бэтшани,
абы и lэшэлъашэхэми, Изрэlэл тафэми – щыпсэу хьэнэнейхэм
гъущl хьэкуэстыгухэр* я мащlэкъым».
17 Абы щыгъуэм, ефрэlимхэмрэ минащхэмрэ игъэгушхуэу,
Йушэ жиlащ: «Фэ куэд фохъу икlи фылъэщщ. Къыфлъы-
сынур зы щlы lыхьэ закъуэкъым. 18 Мэз защlэ бгылъэхэри
фыфеинущ, вгъэкъабзэ закъуэ. Хьэнэнейхэм гъущl хьэкуэ-
стыгухэр яlэми, ахэр лъэщми, тафэри фыфеинущ – фэ ахэр я
хэгъэгум ифхунущ».

ЕПЩЫКlУИЯНЭ lЫХЬЭ

Къэна щlыгухэр зэрагуэшар

18 1 Исрэlил жылагъуэр Шылэу[a] щызэхуэсри, абы
Тхьэlущlапlэ Шэтырыр* Лъапlэ щагъэуващ. Хэгъэ-
гур зэрыщыту яубыдат, 2 ауэ исрэlил лlакъуиблым иджыри щlы
lыхьэ къалъысатэкъым.
3 Йушэ исрэlилхэм захуигъэзащ: «Фыкlуэу фи ТХЬЭМ, фи
адэжьхэм я Тхьэм, къывита щlыр зылэрывмыгъэхьэу иджыри

[a] **18:1** Шылэу къалэр абы щыгъуэ исрэlилхэм я дин зэхуэсыпlэу, тхьэлъэlупlэу щытащ.

куэдрэ фыщысыну? 4 Лакъуэ къэс щыху щырыщ къыхэфш. Сэ ахэр згъэкIуэнурэ а щIыгур къезгъэплъыхьынущ, ар зэрыбгуэш хъуну щIыкIэр нахуэ хъун щхьэкIэ. 5 ЩIыр IыхьибIу вгуэш. Ехьудейхэр ипщэкIэ щаIыгъ щIым къыщренэ, Исуф къытехъукIахэм ищхъэрэщIыр къахуренэ. 6 Фэ япэщIыкIэ щIы къэнар зыхуэдэр къэфхути, ар IыхьибIу вгуэш. ИтIанэ сэ ТХЬЭМ, ди Тхьэм, и пащхьэм ситу пхъэидзэкIэ щIыр фтезугуэшэнущ. 7 Ауэ лэбийхэр щIыншэу къэнэнущ. Абыхэм я къалэныр – тхьэпщ хьэкъыр ехьэкIынырщ. Джадхэм, рэбилхэм, Минащ и лакъуэм и ныкъуэм ТХЬЭМ и жыIэщIэ Мусэ яритауэ IурдыI и къуэкIыпIэмкIэ щIыгу щаIэщ».

8 ЩIыху къыхахахэр гъуэгу щытеувэм, Йушэ абыхэм унафэ яхуищIащ: «ЩIыгур зэрыщыту къызэхэфкIухьи зыхуэдэр зэвгъащIэ. ИтIанэ си деж къэвгъэзэж. Шылэу деж, ТХЬЭМ и пащхьэм ситу, фэр папщIэ пхъэидзэ щысщIынущ».

9 Ахэр кIуэри, щIыгур зэрыщыту къызэхакIухьащ, къалэхэмрэ щIыналъэхэмрэ блыуэ бгуэш зэрыхъунур зэрыт тхылъыр яIыгъыу Шылэу дэс Йушэ деж къагъэзэжащ. 10 Йушэ ТХЬЭМ и пащхьэм иту пхъэидзэ ищIри къэна лакъуэхэм щIыгур ятригуэшащ.

Бенамин и лакъуэм къылъыса щIыгур

11 Япэ зи пхъэ къикIар Бенамин и лакъуэм хыхьэ лъэпкъхэращ. Абыхэм къалъысар Ехьудэ и лакъуэмрэ Исуф къытехъукIахэмрэ я Iыхьэм яку дэлъа щIыр араш.

12 Ищхъэрэкlэ абы и гъунапкъэр lурдыныпсым къыщыщIидзэрти, джабэм декIуэкIыурэ Йэрыхъуэ ищхъэрэкIэ бгылъэхэмкIэ игъазэрти, Бэтэун пшахъуэщIым нэсырт. 13 Абдеж щегъэжьауэ абы Луз (иджырей Бэтlэл) ипщэкIэ щыIэ джабэмкIэ иунэтIырти, Бэтхъуран Ищхъэрэм ипщэкIэ щыIэ бгым къыбгъурыт lэтрэтlэдыр къалэмкIэ ехырт.

14 Къухьэпlэ гъунапкъэр Бэтхъуран и гупэмкlэ къыщыт
lуащхьэм щыщlидзэрт, ипщэкlэ игъазэрти, ехьудейхэм я къа-
лэ Къэрэтбэlэл (иджырей Къэрэтэрам) деж щиухырт.
15 Ипщэ гъунапкъэр Къэрэтэрам щегъэжьауэ къухьэпlэмкlэ
къалэм и lэшэлъашэхэм блэкlти къуэкlыпlэмкlэ кlуэрт, Напэ-
тыхь псы къыщlэжыпlэм нэсыху. 16 Итlанэ гъунапкъэр Арэфэ-
къуэм ищхъэрэкlэ Хьинэмыкъуэм къыпэщылъ бгым и лъапэмкlэ
ехырт, Хьинэмыкъуэм еусейхэм я къалэ (Ерусэлим) ипщэ джа-
бэм кlэрыту Аргуэл псынащхьэмкlэ иригъэзыхырт. 17 Адэкlэ
гъунапкъэм ищхъэрэкlэ игъэшырти, Аншэмэш псынащхьэмкlэ,
Адэмым дэкlыпlэм къыпэщылъ Джэлыуэткlэ кlуэрти Рэбил и
къуэ Бохьэн и мывэшхуэмкlи иригъэзыхырт. 18 Ар lурдын губ-
гъуэм къыпэщылъ джабэм ищхъэрэкlэ нэсырти тафэм техьэрт.
19 Итlанэ гъунапкъэр Бэтхъуэлахь джабэм ищхъэрэкlэ кlэрыту
кlуэрти, Хы Шыугъэм lурдын щыхэлъадэм деж нэсырт. Арат
ипщэ гъунапкъэ хъужыр.
20 Къуэкlыпlэмкlэ гъунапкъэ хъур lурдынт.
А щlыгурщ Бенамин и лlакъуэм хыхьэ лъэпкъхэм къалъысар.
21 Бенамин и лlакъуэм хыхьэ лъэпкъхэм я lэмыщlэ илъа
къалэхэр:
Йэрыхъуэ, Бэтхъуэлахь, Амэкъыцlыцl, 22 Бэтарэбей,
Цымэрам, Бэтlэл, 23 Аум, Пэрыхь, lуфыр, 24 Къыпэрхьэмэн,
lупынэ, Джыбэхь – къалэу пщыкlутlрэ абыхэм япэмыжыжьэу
щыс жылагъуэхэмрэ бенаминхэм иратащ.
25 Абы къищынэмыщlауэ, абыхэм яlыгъащ Джэбэн, Арэмэхь,
Бэурэт, 26 Мэзпыхь, Чэфырэ, Мэзыхь, 27 Арчэм, Арпыл,
Тэрылыхь, 28 Зилэ, Хьэлэф, еусей къалэ (Ерусэлим), Джыбэхь,
Къэрэтэрам[a] – къалэ пщыкlуплlрэ абыхэм я lэгъуэблагъэхэм
щыlэ жылагъуэхэмрэ.

[a] 18:28 Пасэрей алыджыбзэкlэ тха lэрытххэм зэритыр апхуэдэущ. Пасэрей журтыбзэкlэ тха lэрытххэм къыщыкlуэ псалъэр «Къэрэт»-щ.

Араш Бенамин и лакъуэм хыхьэ лъэпкъхэм къалъыса щлыгур.

ЕПЩЫКIУБГЪУАНЭ IЫХЬЭ

Шамхьун и лакъуэм къылъыса щлыгур

19 1 Етlуанэу зи пхъэ къикlар Шамхьун и лакъуэм хыхьэ лъэпкъхэрщ. Абыхэм къалъысар ехьудейхэм ящlыналъэм и кум хуэзэ lыхьэрщ. 2 Абы хыхьэрт:

Бэрщабэ, Щабэ[a], Мулэд, 3 Хьэзыршулэл, Балахь, Асэм, 4 Алътэлэд, Бэтул, Хъуэрымэ, 5 Зычлъэгу, Бэтмэракъбэт, Хьэзэрэсахь, 6 Бэтлъабэlуэт, Шэухъуэн – къалэ пщыкlущрэ абыхэм я lэгъуэблагъэхэм ис жылагъуэхэмрэ Шамхьун и лакъуэм иратащ.

7 Абыхэм къадэкlуэрт lэин, Армун, lэтэр, Ашан къалиплри абыхэм япэгъунэгъуу щыс жылагъуэхэри. 8 Шамхьунхэм апхуэдэуи яlыгъащ а къалэхэм я lэгъуэблагъэхэм щегъэжьауэ Бэlэлэтбэр (Ипщэ Арэмэхь) нэс ис жылэхэр.

Араш Шамхьун и лакъуэм хыхьэ лъэпкъхэм щlыгуу къалъысар. 9 Ехьудейхэм къалъыса щlыгур зэрыиныlуэрат, абыхэм я щlы lыхьэм кыпачу шамхьунхэм щlратар. Апхуэдэ щlыкlэкlэ шамхьунхэм ехьудейхэм я щlыгум и кум хуэзэ щlы къалъысащ.

Заблун и лакъуэм къылъыса щlыгур

10 Ещанэу пхъэидзэ ящlри, Заблун и лакъуэм хыхьэ лъэпкъхэм щlыгу иратащ.

---

[a] **19:2** Пасэрей журтыбзэ lэрытххэр къизытхыкlыжахэм ящыщ гуэрым и щыуагъэкlэ къыхыхьауэ арагъэнщ. Къалэхэм я бжыгъэр 13 зэрыхъур еханэ едзыгъуэм щызэбгъэпщэфынущ.

Абыхэм къалъыса щlы lыхьэм и гъунапкъэр Сарид деж щыщlидзэрт. 11 Ар къухьэпlэмкlэ Мэрэлыхь нэсырт, Дабэщэт гухьэти, Йокънэlэм пэгъунэгъу псыхъуэм екlуалlэрт. 12 Адрей лъэныкъуэмкlэ – къуэкlыпlэмкlэ – гъунапкъэр Сарид къыщыщlидзэрт, Къыслъытаур щlыналъэм блэкlыу Дэбрэт нэсырти, Йафиеклэ дэкlуейрт. 13 Итlанэ гъунапкъэр къуэкlыпlэмкlэ щылэ Джатхьэпэр, lэткъэцын, Армун къалэхэм блэкlырти Нэlэхькlэ зигъэшырт.

14 Ищхъэрэ къухьэпlэ гъунапкъэр Хьэнэтын ирикlуэрти Иптахъэлыкъуэм щиухырт. 15 А щlыналъэм хыхьэрт Къуэтэт, Нэгъул, Щымрэн, Адэл, Бэтлахьым[a], нэгъуэщl къалэхэри – псори зэхэту пщыкlутl хъурт, я lэгъуэблагъэхэм щылэ жылагъуэхэри ящlыгъут.

16 А къалэхэрщ, абыхэм я lэгъуэблагъэхэм щылэ жылагъуэхэри къыдэкlуэу, Заблун и лlакъуэм хыхьэ лъэпкъхэм къалъыса щlы lыхьэр.

Ищэхъар и лlакъуэм къылъыса щlыгур

17 Еплlанэу пхъэидзэ ищlри, Ищэхъар и лlакъуэм хыхьэ лъэпкъхэм щlыгу къылъагъэсащ. 18 Абыхэм я щlыналъэм хыхьэрт:

Изрэlэл, Къэсулэт, Шунэм, 19 Хьэпэрыlэм, Шыуэн, Анэхърэт, 20 Арбэт, Къышын, Ебэкl, 21 Армытl, Анджэным, Анхъэды, Бэтыпцэц. 22 Ищхъэрэ гъунапкъэр Таур lуащхьэм щыщlидзэрти адэкlэ Щыхъцымэхькlэ, Бэтшэмэшкlэ ирикlуэурэ lурдын деж щиухырт. Псори зэхэту къалэу пщыкlух хъурт, я lэгъуэблагъэхэм щылэ жылагъуэхэри ящlыгъут.

23 Ахэр псори Ищэхъар и лlакъуэм хыхьэ лъэпкъхэм къалъысащ.

---

[a] **19:15** Мыр 15:59-м зи гугъу щищl Бэтлахьымыракъым.

Ащир и лlакъуэм къылъыса щlыгур

24 Етхуанэу пхъэидзэ ящlри, Ащир и лlакъуэм хыхьэ лъэпкъхэм щlыгу къылъагъэсащ. 25 Абыхэм я щlыналъэм хыхьэрт:

Хьэлкъэт, Хъали, Бэтэн, Акъшап, 26 Алэмэлэхъ, lэмэд, Мышэлl. Къухьэпlэмкlэ гъунапкъэр Къармэлрэ Шыхъуэлыбнэтрэ екlуалlэрт, 27 къуэкlыпlэмкlэ щыlэ Бэдэгъуэнкlэ зигъэшырти заблунхэм я щlым, Иптахъэлыкъуэм бгъэдыхьэрт, ищхъэрэкlэ щыlэ Бэтхьэмэкърэ Нэlилкlэ кlуэрти адэкlэ Къабыл къалэм нэсырт.

28 Абы иужь гъунапкъэр, Саидэ къалэшхуэм нэсыху, Абдун, Архъуб, Хьэмэун, Къэнахь блэкlырт. 29 Абдежым абы Арэмэхькlэ игъэшырти, Сур быдапlэм екlуалlэрт, Хэсыхькlэ зигъазэти хы lуфэм деж щиухырт. Щlыналъэм хыхьэрт Мэхълэб, Акlэзибэ, 30 lэкуэ[a], Афэкъ, Архъуб – къалэу тlощlрэ тlу хъурт, пэгъунэгъуу щыс жылагъуэхэри ящlыгъут. 31 Мы къалэхэмрэ абыхэм я lэгъуэблагъэхэм ис жылагъуэхэмрэщ Ащир и лlакъуэм хыхьэ лъэпкъхэм къалъысар.

Нэхуталий и лlакъуэм къылъыса щlыгур

32 Еханэу пхъэидзэ ящlри, Нэхуталий и лlакъуэм хыхьэ лъэпкъхэм щlыгу иратащ.

33 Абыхэм къалъыса щlым и ипщэ гъунапкъэм Хъэлэпрэ Дзэнынэм дэт жыгеймрэ щыщlидзэрти, къуэкlыпlэмкlэ щыlэ Адэнэкъэб, Йабнэlил блэкlырт, Лъэкъум нэсырти lурдынысым деж щиухырт. 34 Къухьэпlэмкlэ абы Азнэтауркlэ зигъэшырт, абы къикlти Хъукъуэкъукlэ кlуэрт. Ипщэкlэ гъунапкъэр Заблун и лlакъуэм и щlыналъэм,

[a] **19:30** Апхуэдэу итщ пасэрей зэдзэкlа тхыгъэм. Ебгъапщэ хъунущ Гъуазэхэр 1:31. Пасэрей журтыбзэкlэ тха lэрытххэм къыщыкlуэ псалъэр «Умма»-щ.

къухьэпlэмкlэ – ащирхэм я щlым екlуалlэрт, къуэкlыпlэмкlэ[a] lурдыныпсым нэсырт.

35 Быдапlэкlэ къэщlыхьауэ щытащ Сыдэм, Цыр, Хъамэт, Аркъэт, Чынэрэт, 36 lэдэмыхь, Арэмэхь, Хьэзур, 37 Къуэдыщэ, Едрей, Анхьэзур, 38 Йырэн, Мыдджэлэл, Хъуэрым, Бэтэнат, Бэтшэмэш къалэхэр. Псори зэхэту къалэ пщыкlубгъурэ абыхэм я lэгъуэблагъэхэм ис жылагъуэхэмрэ иратащ.

39 А къалэхэрщ Нэхуталий и лlакъуэм хыхьэ лъэпкъхэм къалъысар.

Дан и лlакъуэм къылъыса щlыгур

40 Ебланэу пхъэидзэ ящlри, Дан и лlакъуэм хыхьэ лъэпкъхэм щlыгу иратащ. 41 Абыхэм къалъыса щlыналъэм хыхьэрт:

Зорэ, Ащтэlэл, Аршэмэш, 42 Шэlэлбим, Айалон, Итэлахь, 43 Елэн, Тэминэ, Акурэн, 44 Елътэкъэхь, Джыбэтlыуэн, Бэlэлэтl, 45 Ихьуд, Бэнбэракъ, Джэтрымэн, 46 Мыаркъэн, Аркъуэн – Йафэ къыпэщылъ щlыналъэр ящlыгъуу.

47 Данхэм я щlыгур щафlэкlуэдым[b], ахэр кlуэри Лэlиш теуащ. Къалэр яубыду джатэщхьэрыкlуэ ящlа нэужь, ахэр абы дэтlысхьэри, къызытехъукlам и фэеплъу къалэм Дан флащащ.

48 А къалэхэрщ, абыхэм я lэгъуэблагъэхэм ис жылагъуэхэри щlыгъуу, Дан и лlакъуэм хыхьэ лъэпкъхэм къалъысар.

Нун и къуэ Йушэ къылъыса щlы lыхьэр

49-50 Щlыр гуэшын яуха нэужь, ТХЬЭМ и унафэм тету, исрэlилхэм Нун и къуэ Йушэ щlы lыхьэ хухахащ. Исрэlилхэм Йушэ иратащ ар зыщlэлъэlуа Ефрэlим бгылъэхэм

---

[a] **19:34** *къуэкlыпlэмкlэ* Пасэрей журтыбзэкlэ тха lэрытххэм «Ехьудейм»-ри щlагъуэ, ауэ абы къикlыр гурыуэгъуэкъым.

[b] **19:47** Е: «щамыубыдыфым». Еплъ Гъуазэхэм 18:1.

щылэ Тэминэсэрэхъ къалэр. Абы къалэр зэфIигъэувэжри дэтIысхьэжащ.

51 Апхуэдэущ къазэуа щIыр исрэIил лIакъуэхэм зэрытрагуэшар. Шылэу щылэ Тхьэлущlапlэ Шэтырым деж щызэхуэсауэ тхьэпщ Елизар, Нун и къуэ Йушэ, исрэIил лIакъуэхэм я тхьэмадэхэр ТХЬЭМ и пащхьэм иту щIы гуэшэныр зэфIагъэкIат.

ЕТIОЩIАНЭ IЫХЬЭ

Щтапlэихьэж къалэхэр

20 1 Зэгуэрым ТХЬЭМ Йушэ жриIащ: 2 «Мусэ ныфхуезгъэхьауэ щыта унафэм тету, исрэIилхэм яхыхьи щтапlэихьэж хъуну къалэхэр къыхахыну яжеIэ, 3 щIыху къызыIэщIэукIэ дэтхэнэ зыри абы екIуалIэу лъыщIэжхэм зыщахъумэфын хуэдэу. 4 Зэрымыщlэкlэ щIыху IэщIэукIауэ щтапlэихьэж къалэхэм щыщ зым къэкIуар къалэ дыхьэпlэм деж иреуви, и Iуэху зыIутыр абы дэс тхьэмадэхэм хурелуатэ. Апхуэдэ щIыхур къалэм дагъэхьэу псэупlэ къратын хуейщ. 5 Ар къыкIэлъыпхъэра лъыщIэжым Iэрагъэхьэн хуейкъым, укIыгъэр IэщIэщIауэ аращи, лъагъу мыхъуныгъэм къыхэкIакъыми. 6 Ар жылагъуэ хьэкумым хейуэ* къилъытэмэ къалэм къыщренэ а лъэхъэнэм тхьэпщ пашэм и къалэнхэр зыгъэзащIэр дунейм ехыжыху. Иужьк!э абы къыздикIа къалэм игъэзэжыфынущ».

7 Арати, исрэIилхэм Нэхуталий бгылъэхэм щылэ Джалил щIыналъэм хыхьэ Къуэдыщэ, Ефрэim бгылъэхэм щылэ Шэчэм, Ехьудей бгылъэхэм щылэ Къэрэтэрбэ (Хъэуран) къалэхэр щтапlэу къыхахащ. 8 Абыхэм нэмыщI, Iурдын и адрыщIымкIи Йэрыхъуэ и къуэкIыпlэмкIэ хуэзэу Рэбил и лIакъуэм къылъыса пшахъуэщI тафэм тет Бэдзэр, Джад и лIакъуэм иIыгъ Джылыэд щIыналъэм щылэ Армэтl, Минащ и лIакъуэр зэрыс Бэшан щIыналъэм хыхьэ Джолан къалэхэр щтапlэу къыхахащ. 9 Зэрымыщlэкlэ щIыху зыIэщIэукIа дэтхэнэ зы исрэIилри

хэхэсри а къалэхэм языхэзым зыщигъэзагъэу лъыщlэжхэм ялэщlэмыкlуадэу дэсыфынущ, цlыхубэм я пащхьэм къиувэу хьэкум щытращlыхьыну пlалъэр къэсыху.

TIOЩIPЭ EЗАНЭ IЫХЬЭ

Лэбийхэм я къалэхэр

21 1-2 Исрэlилхэр иджыри Хьэнэней щlыналъэм хыхьэ Шылэу къалэм щылэу, Лэбий и лlакъуэм щыщ тхьэмадэхэм тхьэпщ Елизар, Нун и къуэ Йушэ, адрей лlакъуэхэм я нэхъыжьхэм жраlащ: «ТХЬЭМ Мусэ унафэ хуищlат дыщыпсэуну къалэхэри, ди lэщыр щытlыгъын хъупlэхэри къыдатыну», – жаlэри. 3 Апхуэдэу, ТХЬЭМ и унафэм тету, исрэlилхэм я къалэхэмрэ хъупlэхэмрэ ящыщ Лэбий и лlакъуэм хухахащ.

4 Лэбийхэм пхъэидзэкlэ къалэхэр трагуэшащ. Япэу пхъэидзэкlэ щlыгур щагуэшым зи кlэн къикlар тхьэпщ Хьэрун къытепщlыкlыжа къэхьэтхэрщ. Ехьудэ, Шамхьун, Бенамин сымэ я лlакъуэхэм къабгъэдэкlыу абыхэм къалэ пщыкlущ иратащ. 5 Адрей къэхьэт унагъуэхэм къалипщl хухахащ, ефрэlимхэм, данхэм, Минащ и лlакъуэм и ныкъуэм яйхэм щыщу.

6 Джэршэн къытепщlыкlыжахэм къалэу пщыкlущ къалъысащ Ищэхъар, Ащир, Нэхуталий сымэ я лlакъуэхэм, Бэшан щылэ Минащ и лlакъуэм и ныкъуэми яим щыщу.

7 Рэбил, Джад, Заблун сымэ я лlакъуэхэм къабгъэдэкlыу Мэрарий къытепщlыкlыжахэм къалэу пщыкlутl къалъысащ.

8 ТХЬЭМ Мусэ унафэ зэрыхуищlауэ щытам тету, исрэlилхэм а къалэхэр, абыхэм я lэгъуэблагъэхэм ис жылагъуэхэри щlыгъуу, лэбийхэм иратащ.

9 Ехьудрэ Шамхьунрэ я лlакъуэхэм ялыгъ щlыгухэм щыщу лэбийхэм мы зи цlэ къитlуэну къалэхэр хухахащ. 10 Ахэр

зылъысар пхъэидзэкlэ япэу зи кlэн къикlа тхьэпщ Хьэрун къытепщlыкlыжа къэхьэтхэрщ. 11 Абыхэм иратащ Ехьудей бгылъэхэм щылэ Къэрэтэрбэ (Хъэуран), къалэ гупэ хъупlэхэри щlыгъуу. (lэрбэ Анакъ и адэжьхэм щыщт). 12 Ауэ къалэм пэгъунэгъу губгъуэхэмрэ, жылагъуэхэмрэ Йофэн и къуэ Хьэлэб къыхуэнащ.

13 Хьэрун къытехъукlахэм, щтапlэихьэж къалэу щыт Хъэуран нэмыщl, Лиунэ, 14 Йатыр, Аштэм, 15 Хъуэлын, Дыбир, 16 lэин, Йутlахь, Бэтшэмэш къалэхэр, абыхэм хыхьэ хъупlэхэри щlыгъуу иратащ – а лlакъуитlым къабгъэдэкlыу къалибгъу къылъагъэсащ.

17 Бенамин и лlакъуэм къыбгъэдэкlыу абыхэм Джэбэн, Джыбэхь, 18 Анэтут, lэлмэн къалэхэр, гъунэгъу хъупlэхэри хэту, иратащ.

19 Псори зэхэту Хьэрун къытепщlыкlа тхьэпщхэм къалэ пщыкlущ къалъысат, хъупlэхэри яй хъуат.

20 Лэбийхэм хыхьэ адрей къэхьэт унагъуэхэм Ефрэlим и лlакъуэм иlыгъ къалэхэм ящыщ къалъысащ:

21 Ефрэlим бгылъэхэм щылэ Шэчэм (щlыху зылэщlэукlахэм я щтапlэихьэж къалэ), Джэзэр, 22 Къыпцэм, Бэтхъуран – къалипll мэхъу.

23 Дан и лlакъуэм къыбгъэдэкlыу абыхэм иратащ Елътэкъэхь, Джыбэтlыуэн, 24 Айалон, Джэтрымэн – къалипll мэхъу.

25 Минащ и лlакъуэм и никъуэм къыбгъэдэкlыу абыхэм къалъысащ Тэlэнэч, Джэтрымэн[a] – къалитl мэхъур. 26 А къалэхэри, хъупlэхэри хэту, адрей къэхьэт унагъуэхэм яй хъуат.

27 Лэбий и лlакъуэм хыхьэ джэршэнхэми къалэхэр иратащ. Минащ и лlакъуэм и никъуэм къыбгъэдэкlыу абыхэм къалъысащ:

[a] **21:25** Е: «Иблеам». Пасэрей журтыбзэ lэрытххэр къизытхыкlыжахэм ящыщ гуэрым и щыуагъэу къыщlэкlынщ.

Бэшан щIыналъэм щыIэ Джоланрэ (цIыху къызыIэщIэуклахэм я щтапIэихьэж къалэ), Бэштэрахьрэ, хъупIэхэри щIыгъуу – къалитI мэхъу.

28 Ищэхъар и лIакъуэм къыбгъэдэкIыу абыхэм къалъысащ: Къышын, Дэбрэт, 29 Йармут, Анджэным – къалиплI мэхъу.

30 Ащир и лIакъуэм къыбгъэдэкIыу гъэршэнхэм ирагащ: Мышэл, Абдун, 31 Хьэлкъэт, Архъуб – къалиплI мэхъу.

32 Нэхуталий и лIакъуэм къыбгъэдэкIыу абыхэм ирагащ: Джалил щIыналъэм щыIэ Къуэдыщэ (цIыху къызыIэщIэуклахэм щтапIэихьэж яхуэхъу къалэ), Хьэмэдаур, Къэртан – къалищ мэхъу.

33 Псори зэхэту джэршэнхэм къалэу пщыкIуш къалъысащ, хъупIэхэри яй хъуащ.

34 Мэрарийхэми (адрей лэбийхэми) къалэхэр къалъысащ, хъупIэхэри яй хъуащ.

Заблун и лIакъуэм къыбгъэдэкIыу абыхэм ирагащ: Йокънэлэм, Къэртахь, 35 Дымынэхь, Нэгъул – къалиплI мэхъу.

36 Рэбил и лIакъуэм къыбгъэдэкIыу мэрайхэм къалъысащ: Бэдзэр, Йахьэз, 37 Къэдэмэт, Мыпэлэт – къалиплI мэхъу.

38 Джад и лIакъуэм къыбгъэдэкIыу абыхэм къалъысащ: Джылыlэд щIыналъэм хыхьэ Армэтl, Мухьэним, 39 Хьэшбэн, Йазэр – къалиплI мэхъу.

40 Псори зэхэту Мэрарий къытехъукIа лэбийхэм къалэ пщыкIутI къалъысат.

41-42 Исрэилхэм я щIыналъэм иту лэбийхэм псори зэхэту къалэу плIыщIрэ ирэ къалъысащ, абыхэм ихъуреягъкIэ щылъ хъупIэхэри щIыгъуу.

43 Апхуэдэ щIыкIэкIэ, я адэжьхэр быдэу къыщIигъэгугъам тету, ТХЬЭМ исрэилхэм щIыгур яритри, ахэр абы щыпсэуну итIысхьащ. 44 ТХЬЭР жиIауэ щытам текIакъым, лъэпкъым гупсэхугъуэ иритащ. Зы бии къапэлъэщакъым исрэилхэм.

45 Ахэр къызэригъэгугъа псори ТХЬЭМ игъэзэщlащ – жиlам щыщу зэщlа мыхъуаи къэнакъым.

ТIОЩIРЭ ЕТIУАНЭ IЫХЬЭ

Къуэкlыпlэмкlэ щыпсэуа лlакъуэхэм я щlыгухэм къызэрагъэзэжар

22 1 Абы иужь Йушэ рэбилхэр, джадхэр, Минащ и лlакъуэм и ныкъуэр къриджэри 2 захуигъэзащ: «Фэ ТХЬЭМ и жыlэщlэ Мусэ къыфхуищlа унафэхэр псори вгъэзэщlащ, си зы псалъи фытекlакъым. 3 Зэман кlыхьым къриубыдэу, нобэр къэсыху, адрей лlакъуэхэм щыщ фи лъэпкъэгъухэр къэвмыгъанэу я lуэху дэфlыгъащ икlи ТХЬЭМ, фи Тхьэм, фи пщэ крилъхьа lуэхугъуэхэр зэфlэфхащ. 4 Иджы ТХЬЭМ, фи Тхьэм, и псалъэм тетыжу, фи лъэпкъэгъухэм псэхугъуэ яритащ. Аращи, Мусэ къывитауэ lурдын адэкlэ къыщылъ щlыгум, фи унэ, вгъэзэж. 5 Ауэ Мусэ къыфхуигъэна унафэхэри Хабзэри фегугъуу вгъэзащlэ: ТХЬЭР, фи Тхьэр, фlыуэ флъагъу, Абы и гъуэгу фытемыкl, пщэрылъ фщищlа lуэхугъуэхэр влэжь икlи гукlи псэкlи ТХЬЭМ фыхуэжыlэщlэ, фыхуэпэж». 6 Йушэ абыхэм Тхьэм и нэфl къащыхуэну яхуэлъаlуэу иутlыпщыжа нэужь, щхьэж и шэтыр игъэзэжащ.

7-8 Мусэ Минащ и лlакъуэм и зы ныкъуэм Бэшан щlыгу щаритат (адрей ныкъуэм Йушэ къаритат лlакъуибгъур здэщыlэ lурдын и къухьэпlэмкlэ илъ щlым щыщ lыхьэ). Йушэ ахэр щиутlыпщыжым иущиящ: «Мы къулеигъэшхуэр – хъушэхэр, дыжьыныр, дыщэр, гъуаплъэр, гъущlыр, щыгъын къомыр – къыздэфщти, фи унэ вгъэзэж. Бийм къытефха къуентхъымкlэ* фи къуэшхэм фадэгуашэ», – жиlэри.

9 Рэбилхэм, джадхэм, Минащ и лlакъуэм и ныкъуэм исрэlилхэр Хьэнэней щlыналъэм хыхьэ Шылэу къалэм

къыщанэри, Джылыlэдеймкlэ ягъэзэжащ. Ар ТХЬЭМ и унафэу Мусэ къалъигъэlэсыжам тету къазэуа щlыгут.

«Щыхьэт» къурмэнщlыпlэр

10 Хьэнэней щlыналъэм гъуэгу здытетым, рэбилхэм, джадхэм, Минащ и лlакъуэм и никъуэм, lурдынысым lут Джэлыуэт къалэм къэса нэужь, псы lуфэм къурмэнщlыпlэшхуэ щагъэуващ. 11 lурдын и къуэхьэпlэмкlэ Хьэнэней и гъунапкъэм хуэзэу къурмэнщlыпlэшхуэ зэрыщагъэувар адрей исрэlилхэм щызэхахам, 12 зэрыжылагъуэу зэуэну хьэзыру Шылэу зэрыхьащ.

13 Исрэlилхэм Джылыlэд щlыналъэм щылэ рэбилхэм, джадхэм, Минащ и лlакъуэм и никъуэм я деж тхьэпщ Елизар и къуэ Панхэс ягъэкlуащ. 14 Лlакъуэ къэс нэхъыжь зырыз къыхашри а тхьэмадипщlыр абы гъусэ хуащlащ.

15 Ахэр рэбилхэм, джадхэм, Минащ и лlакъуэм и никъуэм я деж Джылыlэд къыщыкlуам, жалащ: 16 «Дэ ТХЬЭМ и лъэпкъ псом къыбгъэдэкlыу дыпсалъэу дынывоупщl, Исрэlилым и Тхьэм дауэ фепцlыжыфа? ТХЬЭР lэщlыб фщlыуэ, Абы фыпэщlэувэу къурмэнщlыпlэ дауэ зыхуэвгъэувыжыфа? 17 Пэlуэр къыщахьа гуэныхьыр фыфlэмащlэт? Нобэр къыздэсым а гуэныхьыр тхуэпшыныжыркъым. Араш щlызэтелlар ди лъэпкъыр! 18 Иджы фэ ТХЬЭР lэщlыб фщlыну ара? Нобэ фэ ТХЬЭМ фыпэщlэувэмэ, пщэдей Абы и нейр зэрыисрэlил жылагъуэу щыхуэнущ. 19 Фи щlым къабзагъэ бгъэдэмылъу къэфлъытэмэ, ТХЬЭМ и Шэтырыр* Лъапlэ здэщыlэ ди щlыналъэм фынакlуэ – дывдэгуэшэнщ. Ауэ къурмэнщlыпlэ щылэм нэмыщl нэгъуэщl фщlыуэ ТХЬЭМИ дэри фыкъытпэщlэмыувэ. 20 Зыщывмыгъэгъупщэ, Зэрахъ и къуэ Акlэн ТХЬЭМ хуагъэкlуэдын хуей хьэпшыпхэр

щызризэлъэфэлІам, Абы и нейр зэрыисрэІил жылагъуэу зэрыщыхуар! А гуэныхьым текІуэдар АкІэн и закъуэкъым».

21 Рэбилхэм, джадхэм, Минащ и лІакъуэм и никъуэм жэуап исрэІил лІакъуэхэм я тхьэмадэхэм иратащ: 22 «Пэж дыдэу, ТХЬЭР сыт хуэдэ тхьэ нэхъри нэхъ лъагэщ! Абы ещІэ, Исрэ Іилми ирещІэ: ТХЬЭМ дыпэщІэувар, Абы депцІыжар пэжмэ, дэ нобэ гущІэгъу тхуэфащэкъым. 23 Дэ къурмэнщІыпІэ щІэдгъэувар ТХЬЭМ и гъуэгу дыкъытекІыу, тыхь гъэсынхэр, гъавэ тыхьыр, зэфІ къурмэныр къэтхьын папщІэр пэжмэ, нобэ езы ТХЬЭМ тезыр къыттырырелъхьэ. 24 Ауэ дэ ар щІэдгъэувар зэгуэр фи щІэблэр ди щІэблэм мыпхуэдэу къеупщІынкІэ дышынэрти араш: “Сыт фэ фи дежкІэ ТХЬЭР, Исрэ Іилым и Тхьэр? 25 ТХЬЭМ Іурдыныпсыр фэрэ дэрэ ди гъунапкъэу иухащ. Фэ Исрэ Іилым фыщыщкъым, ТХЬЭМ фырейкъым!” Апхуэдэ щІыкІэкІэ, ди щІэблэм ТХЬЭР къамылъытэжу фи щІэблэм ящІыфынущ.

26 Араш дэ мурад щІэтщІар къурмэнщІыпІэ дгъэувыну, армыхъумэ тыхь гъэсынхэмрэ, къурмэнрэ къэтхьын щхьэкІэкъым. 27 Дэри ТХЬЭМ дызэрыхуэпэжым, тыхь гъэсынхэмрэ зэфІ къурмэнымрэ и тхьэлъэІупІэм деж[a] къызэрыщыхуэтхьым и щыхьэту щрет ар. Иужькlэ фи щІэблэм къыджаІэфынукъым дэ Исрэ Іилым дыщымыщу, ТХЬЭМ дримейуэ.

28 Зэгуэр апхуэдэу дэ е ди щІэблэм къыжраІэ хъумэ, дэ жэуап еттынущ: “Феплъ Шэтыр Лъапlэм деж щыт къурмэнщІыпІэм ещхьу ди адэжьхэм ягъэувам. Ауэ ар щІагъэувар тыхь гъэсынхэмрэ къурмэнрэ къыщахьын щхьэкІэкъым, атІэ фэрэ дэрэ ди щыхьэту щытын папщІэщ”, – жытІэу.

29 Дэ дыхуейкъым къурмэн къыщытхьыну нэгъуэщІ щІыпІэ духуэу ТХЬЭМ и гъуэгу дытекІыну. Дэ дощІэ ТХЬЭМ,

[a] **22:27** Еплъ 18:1.

ди Тхьэм, и къурмэнщIыпIэ пэж закъуэр и Шэтырым деж зэрыщытыр».

30 Рэбилхэм, джадхэм, Минащ и лIакъуэм и ныкъуэм жаIам
тхьэпщ Панхэсрэ исрэIил лIакъуэхэм я тхьэмадэхэмрэ арэзы
техъуащ. 31 Абдежым тхьэпщ Панхэс жиIащ: «Иджы дэ дощIэ
ТХЬЭР дызэригъусэри, фэ Абы фызэремыпцIыжри, ТХЬЭМ
Исрэилым тезыр зэрытримылъхьэнури».

32 Елизар и къуэ тхьэпщ Панхэсрэ тхьэмадэхэмрэ Хьэнэней
къагъэзэжри Джылыэд щыIэ къуэкIыпIэ лIакъуэхэм жаIар
исрэIилхэм хуаIуэтэжащ. 33 Къахьа хъыбарыр щызэхахым,
исрэIилхэм Тхьэм фIыщIэ хуащIащ. Абы иужькIэ жаIэжакъым
къуэкIыпIэ лIакъуэхэм теуэу я щIыналъэм лъапсэрыхыр
къыхуагъэкIуэну.

34 Рэбилхэм, джадхэм, Минащ и лIакъуэм и ныкъуэм[a] а
къурмэнщIыпIэр езыхэмрэ къухьэпIэмкIэ щыIэ лIакъуэхэмрэ
ТХЬЭР я фIэщ зэрыхъум и щыхьэту ябжт. Абы хуэкIуэу
фIэщыгъэ ирататщ[b].

ТIОЩIРЭ ЕЩАНЭ IЫХЬЭ

Зи ныбжь хэкIуэта Йушэ Тхьэм хуэпэжыну лъэпкъыр къызэрыхуриджар

23 1 Зэманыфl дэкIат ТХЬЭМ Исрэилыр къэзыухъуреихь бийм имыгъэгузавэжу гупсэхуу зэригъэпсэурэ. Нун и къуэ Йушэ гъащIэ кIыхь къигъэщIат, и ныбжьри фIыуэ хэкIуэтат. 2 Зэгуэр абы лъэпкъым и тхьэмадэхэр, пашэхэр, хеящIэхэр*, дэфтэрзехьэхэр къриджэри яжриIащ: «Сэ жьы сыхъуащ. 3 Фэ езым фи нэгу щIэкIащ ТХЬЭМ, фи Тхьэм,

[a] **22:34** *Минащ и лIакъуэм и ныкъуэм* Мы псалъэхэр пасэрей журтыбзэкIэ тха lэрытххэм хэткъым.

[b] **22:34** Языныкъуэ lэрытххэм зэритымкIэ, «"Щыхьэт" фIащащ».

дэр папщlэ адрей лъэпкъхэм ярищlар. Ар Езыр фэр щхьэкlэ зэуащ. 4 Фощlэж lурдынрэ ЩIыкурытыхрэ я зэхуаку исауэ лъэпкъ згъэкlуэдахэмрэ абы иджыри къыщынэ лъэпкъхэмрэ ящlхэр фи лlакъуэхэм пхъэидзэкlэ зэрахуэзгуэшар. 5 ТХЬЭМ, фи Тхьэм, ахэр фи гъуэгум трихунущ, фэр щхьэкlэ лъэныкъуэ иригъэзынурэ, фыкъызэригъэгугъам хуэдэу, а щIыр къыфлъигъэсынущ. 6 Быдагъэ зыхэвгъэлъ, Мусэ итхыжа Хабзэм итым ижьи сэмэгуи зыхуэвмыщlу, псори вгъэзащlэ. 7 Къыфхэна лъэпкъхэм фахэмызэрыхь, абыхэм я тхьэхэм я цlэр къивмыlуэ, абыхэмкlэ тхьэлъанэ фымыщl, фахуэмыпщылl икlи захуэвмыгъэщхъ. 8 ТХЬЭМ, фи Тхьэм иджыри къэс фызэрыхуэпэжам хуэдэу фыхуэщыпкъэ.

9 ТХЬЭМ лъэпкъышхуэхэм, лъэпкъ лъэщхэм фатригъэкlуащ. Нобэр къыздэсым зыри къыфпэлъэщакъым. 10 ТХЬЭР, фи Тхьэр, и псалъэм тету, Езыр фи гъусэу зэрызэуам и фIыщlэкlэ зы цIыхум мин хигъащlэу фызэуащ. 11 Араща, ТХЬЭР, фи Тхьэр, фIыуэ зэрыфлъагъуным иужь фит.

12 Ауэ, гъуэгу пэжым фытекIыу, псэууэ къэна лъэпкъхэм фагухьэу, абыхэм щыщ щхьэгъусэ фщIыуэ фыхуежьэмэ, 13 зэвгъащlэ, ТХЬЭМ, фи Тхьэм, фэр папщlэ ахэр мы щIыгум афIэкIа зэрыримыхунур. Ахэр фэркlэ гъэпцlапlэ хъунущ. ТХЬЭМ, фи Тхьэм, къывита мы щIыгуфIым фикlуэдыжыхьыху щIыбыр щIопщым зэригъэузым, нэм банэр къызэрыхэуэм хуэдэу, абыхэм бэлыхь фагъэшэчынущ.

14 Сэ си пlалъэр къэсащ. Фигу ивгъэлъ ТХЬЭМ дыкъызэригъэгугъа фIыгъуэ псори зэригъэзэщlар, зы къэмынэу ди нэгу зэрыщIигъэкIар. 15-16 ТХЬЭМ къывищIыIа lуагъэм* фытекIмэ, Абы къыфхуихьыну тхьэмыщкlагъэм фыфIэкIыфынукъым, фыкъызэригъэгугъа хъугъуэфIыгъуэхэр къызэрыфлъигъэсам хуэдэу. Нэгъуэщlытхьэхэм фахуеплъэкIмэ, абыхэм захуэвгъэщхъмэ, ТХЬЭМ и нейр напlэзыплэм къыфщыхуэнурэ Езым къывита мы щIыгуфIыр фигъэбгынэнущ».

ТIОЩIРЭ ЕПЛIАНЭ IЫХЬЭ

Зэгурыlуэныгъэ Лъапlэр Шэчэм къызэрыщыщlэрэщlэжар

24 1 Йушэ исрэlил лlакъуэхэр Шэчэм къалэм щызэхуишэсащ. Абы лъэпкъым и тхьэмадэхэр, пашэхэр, хеящlэхэр, дэфтэрзехьэхэр къриджэри, ахэр Тхьэм и пащхьэм иуващ. 2 Йушэ лъэпкъым зыхуигъэзащ: «ТХЬЭМ, Исрэlилым и Тхьэм, мыпхуэдэу желэ: “Ижь-ижьыж лъандэрэ фи адэжьхэу Тэрэхь, абы и къуэхэу Ибрэхьимрэ Нэхьуррэ Фэрат Псышхуэм адэкlэ щыпсэуащ, нэгъуэщlытхьэхэм я щхьэр хуагъэщхъыу. 3 Ауэ фи адэ Ибрэхьим адрыщlым къисшащ. Абы Хьэнэней щlыналъэр къызэхезгъэкlухьащ, щlэблэшхуи къыщlэзгъэхъуащ. Сэ абы естащ Исхьэкъ, 4 Исхьэкъ естащ Екъубрэ Ещауэрэ. Ещауэ Сэир[a] бгылъэхэр псэупlэу хуэзгъэфэщащ, Екъуб и къуэхэр игъусэу Мысыр lэпхъуащ.

5 Сэ Мусэрэ Хьэрунрэ ныфхуэзгъэкlуащ; мысырхэм насыпыншагъэ къатезгъэпсыхэри абыхэм я щlыналъэм фыкъисшыжащ. 6 Фи адэжьхэр Мысырым къыщисшыжым, ахэр Къамылыхым нэс къэкlуащ. Абыхэм мысырхэр, хэт хьэкуэстыгум ису, хэти шууэ, хым нэсыху къакlэлъыпхъэрат. 7 Абдежым ТХЬЭМ лъэlукlэ зыхуагъазэри, ТХЬЭМ фэрэ мысырхэмрэ фи зэхуаку кlыфlыгъэ дилъхьащ. Абы мысырхэр хым щlригъэлъэфащ. Фи нэгу щlэкlащ мысырхэм есщlар. Абы иужь фэ куэдрэ пшахъуэщlым фитащ.

8 lурдын и къуэкlыпlэмкlэ щыс амэрейхэм я щlым фыкъэсшащ. Ахэр къывэзэуащ, ауэ Сэ ахэр фи lэмыщlэ ислъхьащ: хэзгъащlэри, я щlыр фэ фэстащ. 9 Мэуабеипщ Бэлакъ, Дзыбэр и къуэр, Исрэlилым езэуэну зыщигъэхьэзырым, абы Бэур

[a] **24:4** Едумей хэкум и цlэ етlуанэ. Едумейр Исрэlилым и ипщэ-къуэкlыпlэ лъэныкъуэмкlэ щыlэт.

и къуэ Бэлэlэм къриджат къывигъэбгыну. 10 Ауэ Бэлэlэм и гыбзэм седэlуакъым. Абы и гыбзэр фщхьэщысхри, Си нэфl къыфщыхуэну щlэзгъэлъэlуащ.

11 lурдын фикlри Йэрыхъуэ фыкlуащ. Йэрыхъуэ дэсхэри, амэрейхэри, пэризейхэри, хьэнэнейхэри, хьетхэри, джырджэшхэри, хъыуийхэри, еусейхэри къывэзэуащ. Ауэ Сэ ахэр псори фи lэмыщlэ ислъхьащ. 12 Сэ хьэдзыгъуанэ къэпщlар[a] фи япэ къизгъэхутэри, абыхэм амэреипщитlыр ирахуащ. Уи джатэрэ уи шабзэкlэкъым ар къызэрыхъуар. 13 Апхуэдэ щlыкlэкlэ, фызытемылэжьыхьа щlыгумрэ фымыухуа къалэхэмрэ фэстащ; иджы фэ хэвмыса жызум хадэмрэ зейтун* мэз цlыкlумрэ къыщыкlыр фшхыуэ абы фыщопсэу".

14 Аращи, – пищащ Йушэ, – ТХЬЭМ и пщlэр флэт, гу къабзэкlэ фыхуэжыlэщlэ. Фэрат Псышхуэм адэкlэ щыпсэуа, Мысырми щыla фи адэжьхэм щхьэщэ зыхуащlу щыта хамэтхьэхэр къэвгъани, ТХЬЭМ фыхуэпэж. 15 Ауэ, ТХЬЭМ фыхуэмыпэжынумэ, щхьэщэ зыхуэфщlынур нобэ къыхэфх: псым адэкlэ фи адэжьхэр зыфlэлыкlыу щыта тхьэхэр е иджыпсту зищl фыщыпсэу амэрейхэм я тхьэхэр. Си щхьэкlэ, сэри, си унагъуэри ТХЬЭМ дыхуэжыlэщlэнущ».

16 Исрэlил лъэпкъым жэуап къитащ: «ТХЬЭР lэщlыб зыщlын, нэгъуэщlытхьэхэм щхьэщэ хуэзыщlын димыщl! 17 ТХЬЭРЩ, ди Тхьэрщ, пщылlыгъэм къыхишу, ди лъэпкъыр, ди адэжьхэр, Мысырым къизышыжар, нэщэнэ телъыджэхэр дызыгъэлъэгъуар. Дызытета гъуэгуанэ кlыхьым лъэпкъыу дызыблэкlахэм дащихъумащ. 18 Дэр папщlэ мы щlыпlэм иса амэрейхэри, адрей лъэпкъхэри ТХЬЭМ ирихуащ. Аращи, дэри ТХЬЭМ щхьэщэ хуэтщlынущ, Ар – ди Тхьэщи».

---

[a] **24:12** Тхьэм Хьэнэней щlыналъэм щыпсэу лъэпкъхэр зыхидза гузэвэгъуэмрэ гужьеигъуэмрэ къыхэщу мыбдеж мы жылэгъуэм мыхьэнэ зэхьэкla илэу къыщыкlуэу къыщlэкlынущ.

19 Йушэ лъэпкъыр иущийуэ жиlащ: «Фэ ТХЬЭМ фыхуэ-
пэжыфыну пlэрэ? Ар Тхьэ Лъапlэщ – никъуэкъуэгъу иlэныр
зыхуэзымыгъэфащэ Тхьэщ! Абы фепцlыжмэ, и гущlэгъу
фыщымыгугъ, фи гуэныхьхэри къыфхуигъэгъунукъым. 20 Фlы
къыфхуэзыщlа ТХЬЭР lэщlыб фщlыуэ нэгъуэщl тхьэхэм
щхьэщэ хуэзыщlын фыхъумэ, Абы и ней къыфщыхуэнурэ
фигъэкlуэдэнущ».

21 «Дэ ТХЬЭМ дыхуэпэжынущ!» – къитащ жэуап лъэпкъым.

22 «ТХЬЭМ фыхуэпэжыну къызэрыхэфхам фэ езыр
фрищыхьэтщ», – пищащ Йушэ.

«Пэжщ, дэ езыр дыщыхьэтщ», – къатащ жэуап абыхэм.

23 «Апхуэдэу щыхъукlэ, иджыпсту фиlэ хамэтхьэхэр
къэвгъани, гукlи псэкlи ТХЬЭМ, Исрэlилым и Тхьэм, фи
гур хузэlуфх».

24 «Дэ ТХЬЭМ, ди Тхьэм, щхьэщэ хуэтщlынущ, жиlэми
дыфlэкlынукъым», – арэзы хъуащ исрэlилхэр.

25 А махуэм лъэпкъ псом и цlэкlэ Йушэ ТХЬЭМ lуагъэ
Шэчэм къалэм щрищlылlэри, лъэпкъым хабзэхэри ущиехэри
ябгъэдилъхьащ. 26 Ахэр Йушэ Тхьэм и Хабзэр[a] зэрыт тхылъым
иритхащ. Иужькlэ абы мывэшхуэ къищтэри ТХЬЭМ хухаха
щlыпlэм деж щыт жыгей лъабжьэм щигъэуващ.

27 «Феплъ! – жриlащ Йушэ лъэпкъым. – Мы мывэм ТХЬЭМ
къывжиlа псори зэхихащи, ар щыхьэту къэувынущ. Фи Тхьэр
вгъэпцlыжмэ, мывэр фызэрыкъуаншэм щыхьэт техъуэнущ».

28 Йушэ цlыхухэр иутlыпщыжри, щхьэж къылъыса
щlыналъэм игъэзэжащ.

[a] **24:26** Е: «хабзэхэр».

Нун и къуэ Йушэ дунейм зэрехыжар, и щIыгум зэрыщыщIалъхьэжар

29 Зэман дэкIри ТХЬЭМ и жыIэщIэ Нун и къуэ Йушэ и ныбжьыр илъэсищэрэ пщIым иту дунейм ехыжащ. **30** Ар щыщIалъхьэжащ езым къылъыса щIыпIэм, Джэлэш бгым ищхъэрэкIэ щыIэ Ефрэим бгылъэхэм ит Тэминэсэрэхъ къалэм.

31 Йушэ псэуху, иужькIи, ТХЬЭМ Исрэилым папщIэ ищIахэр зи нэгу щIэкIа нэхъыжьхэр дунейм тетыху, Исрэилыр ТХЬЭМ хуэжыIэщIэу къекIуэкIащ.

32 Мысырым кърахыжа Исуф и хьэдэ къупщхьэхэр Екъуб Хьэмур и къуэхэм деж кIэсытищэкIэ[a] къыщищэхужа щIыгум ит Шэчэм къалэм щыщIалъхьэжащ. (Хьэмур езыр Шэчэм и адэт.) А щIыгур Исуф и щIэблэм къахуэнащ.

33 Хьэрун и къуэ Елизар дунейм ехыжри, и къуэ Панхэст Ефрэим бгылъэхэм къыщылъыса Джыбэхь къалэм щыщIалъхьэжащ.

[a] **24:32** Зи уасэр мыIупщI пасэрей ахъшэ.

«Нун и къуэ Йушэ и тхылъым» узыщрихьэлІэ фІэщыгъэхэм я псалъалъэ

Лэбийхэр – Екъуб и къуэ Лэбий и щІэблэщ, исрэІил лъэпкъым и лІакъуэ пщыкІутІым щыщщ. Мусэ и лъэхъэнэм Тхьэм лэбийхэм ящыщ Хьэрунрэ абы и щІэблэмрэ тхьэпщ хьэкъыр и пащхьэ щрахьэкІыну къыхихат, а къудамэм щымыщ лэбийхэм тхьэпщ къуэдзэу щытыныр къахуиухат.

ТХЬЭ – Хьэрфышхуэ защІэкІэ тхауэ ди зэдзэкІыгъэм узыщрихьэлІэ «ТХЬЭ» псалъэм къигъэлъагъуэр журтыбзэ текстхэм хьэрфиплІу зэхэту къыщыкІуэ «ЙХВХ» псалъэращ. Тхьэм Муси исрэІилхэми закъызэрыригъэщІыхуауэ щытар а щІэмкІэщ. Езы псалъэр «щыІэн» мыхьэнэр зиІэ пасэрей журт псалъэм къытекІыу къыщІэкІынущ. И lукІэ дыдэр нахуэу щымытми, щІэныгъэлэжьхэм ар «Яхве» къэпсэлъыкІэм нэхъ пэблагъэу хуагъэфащэ.

Тхьэм и lуагъэм и Пхъуантэ – Тхьэм Мусэ унафэу хуищІам тету Пхъуантэ Лъапlэр дыщэпсыр зытегъэлъэда пхъэм къыхэщІыкІат, Тхьэм и псалъэхэр зытетха, мывэскъащкІэ зэджэ мывэбгъуитlри абы дэлъу яхъумэрт. Пхъуантэ Лъапlэм дамабгъуэкІэ зэджэ уафэгу псэущхьэхэм я теплъэр зиІэ дыщэ пкъыгъуитl тещІыхьат. А псэущхьэхэм я дамэ зэхуакухэр Тхьэм и щІыгу тахътэу къалъытэрт. Тхьэм и щыІэныгъэр исрэІилхэм нахуэ щащищІу щытар абдежщ.

Тхьэlущlапlэ Шэтыр – Мусэ исрэІилхэр Мысырым къришыжа нэужь, Тхьэм и унафэм тету игъэува шэтырщ. Ар Тхьэм и псэупlэу, уафэмрэ щІылъэмрэ я зэблэкІыпlэу къалъытэу щытащ. Тхьэмрэ исрэІилхэмрэ я зэlущlапlэр здэщыІэри мыбдежт. Пащтыхь Сэлмэн Ерусэлим къалэм Тхьэм и Унэр дищІыхьыху, Шэтыр Лъапlэр исрэІилхэм къадэгъуэгурыкІуащ.

Тхьэпщ – Тхьэхуэлухуэщlэхэр зэфlэзыгъэкl, а хьэкъыр зи пщэ дэлъ щlыхущ. Тэурэт Хабзэм ипкъ иткlэ, тхьэпщыр Мусэ и къуэш Хьэрун и щlэблэм щыщын хуейщ. Абыхэм тхьэпщ хьэкъыр япэ щlыкlэ Шэтыр Лъапlэм щрахьэкlащ, иужькlэ я къалэныр Тхьэм и Унэм щагъэзащlэу хуежьащ. Абыхэм я пщэ дэлът тхьэхуэлухуэщlэ lуэхугъуэхэр зэрагъэкlуэну, къурмэн ящlыну, дауэдапщэхэр зэрекlуэкlым кlэлъыплъыну. Тхьэпщхэм ядэlэпыкъурт лэбийхэр.

«Нун и къуэ Йушэ и тхылъым» узыщрихьэлІэ псалъэ гурыІуэгъуейхэм я псалъалъэ

Дарэгъу – дэджэгуэгъу, гъусэ, зы Іуэху зэдэзыщІэ.

Зейтун – илъэс хъурейкІэ пщІащэ зыпыт жыг лъэпкъ, къыпыкІэм дагъэ къыщІапІытІыкІ, «олива» жыхуаІэращ.

Къуентхъ – зауэ, теуэ, зекІуэ хуэдэхэм деж бийм къыІэщІах мылъку, Іэщэ-фащэ.

Мывэхъунэ – хадэ, пщІантІэ, щІыхьэпІэ, къалэ сыт хуэдэхэр къызэрыхухьа мывэ блын.

МыкІумыпщ – щІакхъуэгъэтэдж зыхэмылъ.

Нэрыбгэ – щхьэ бжыгъэр къыщабжкІэ «цІыху» мыхьэнэр иІэу къагъэсэбэп псалъэ.

Пакlэ – куэд хъу гуэрым и Іыхьэ нэхъ мащІэ.

Умэхъын – тхьэхуэІухуэщІэ дауэдапщэхэмкІэ зыгуэрым лъапІэныгъэ еХын.

Хэгъэгу – хэку, лъахэ, щІыпІэ, щІыналъэ.

Хей – къуаншагъэ зыбгъэдэмылъ цІыху.

Хеящlэ – хеяжьэ; къуаншэмрэ мысэмрэ зэхэзыгъэкІ цІыху.

Хьэкуэстыгу – шы зыщІащІэ, шэрхъитІ зыщІэт гу.

Чэтэн – пхъашэу зэІуща щэкІ Іув лъэпкъыгъуэ; метррэ ныкъуэм нэс зи кІыхьагъ, зи пкъым а щэкІыр къызыхащІыкІ къэкІыгъэ лІэужьыгъуэ.

Іуагъэ – зыгуэрым жиІар зэрыпэжымкІэ шэсыпІэ зэриувэ псалъэ, тхьэрыІуэ, тхьэлъанэ.

Іущlын – фІанэжьрэ уэщкІэ уеуэурэ пхъэр, мывэр джафэ щІын; узыхуей теплъэр къыхэгъэкІын.


ИсрэIил лIакъуэхэм я щIыгухэр
Саидэ
Щам
Сур
ДАН
АЩИР
НЭХУТАЛИЙ
Хьэзур
Джалилеих
ЗАБЫЛУН
ИЩЭХЪАР
ЩIыкурытых
МИНАЩ
Iурдын
МИНАЩ
Шэчэм
Шылэу
ЕФРЭIИМ
ДЖАД
ДАН
БЕНАМИН
Ерусалим
РЭБИЛ
ЕХЬУД
Хъэуран
Хы Шыгъэ
МЭУАБЕЙ
Бэрщабэ
ШАМХЪУН
ЕДУМЕЙ
0 20 40 60 80 100
км
©UBS, 1999


Исрэил лIакъуэхэм я щIыгухэмрэ къалэхэмрэ
0
20
40
60
км
Саидэ
САИДЕЙ
Ливан бгылъэкIэр
АРЭМЕЙ
Щам
Хьэрмуныбг
Сур
Дан (ЛэIиш)
Къуэдыщэ
АШИР
НЭФТАЛИЙ
Хьэзур
IэкуэI
ДЖАЛИЛ
Къармэл Iуащхьэ
ЩЫНАЛЬЭ
ЗАБЛУН
Таур Iуащхьэ
Джалилеих
БЭШАН
Джолан
Аштэрэуэт
ЩIыкурытых
ЙокънэIэм
Андор
Даур
Мэджыдэ
ИЩЭХЪАР
Шунэм
Изрээл
МИНАЩ
Едрей
Армэтl
Бэтшан
МИНАЩ
ДЖЫЛЫIЭДЕЙ
Абэш
Тырзей
Дзэфэн
Абыл Iуащхьэ
Джырзым Iуащхьэ
ШIэчэм
Iурдын
Йабэкl
Сэкъуэт
АМОНЕЙ
Йафэ
Афэкъ
Тэпахъ
Шылэу
ДЖАД
ДАН
ЕФРЭIИМ
Арбэхь
БэтIэл
Iэят
Йабнэил
Джэзэр
Джылджэл
Джэбэн
Тэмирэ
Джыбэхь
Йэрыхъуэ
БэтлэIуэр
Акурэн
Кьэрэтэрам
БЕНАМИН
Хьэшбэн
Ашдэд
Макъдах
Бэтшэмэш
Ерусалим
Нэб Iуащхьэ
Джат
Йармут
Мэдэбэ
Ашкъэлэн
АзэкIыхь
Бэтлахьым
Адулам
Бэдзэр
ФЫЛИСТЕЙ
Мэрэш
РЭБИЛ
Лахъыш
Хъэуран
Джазэ
ЕХЬУД
Дыбир
Ангъэдий
Хы Шыугъэ
Дыбэн
Арэр
Арнэн
ШАМХЬУН
Бэрщабэ
МЭУАБЕЙ
Нэджэб пшахъуэщI
ЕДУМЕЙ


Нун и Къуэ Йушэ
я пашэу исрэIилхэм
Хьэнэней щIыналъэр
къызэразэуар
ЩIыкурытых
Саидэ
Мызрэхь щIыналъэ
Хьэрмуныбг
Хьэзур
Меромыпс
Акъшап
Мадон
Щымрэн
Джалилеих
Гуродын
Абыл Iуащхьэ
Джырзым Iуащхьэ
Джэбэн
БэтIэл
Джылджэл
Бэтхъуран
Iэят
Джэзэр
ШытIым
Макъдах
Ерусэлим
Лиунэ
Ахьлэн
Лахъыш
Хъэуран
Дыбир
Хы Шыгъэ
ИсрэIилхэр Хьэнэней щIыналъэм япэу зэрихьар (2:1 - 8:29)
ИсрэIилхэр ипщэкIэ щызэгухьа амэрей пщыхэм зэрытеуар (10:1-43)
ИсрэIилхэр ищхъэрэпщхэм зэрытекIуар (11:1-15)
0
25
50
75 км

ФІыщІагъэ ЛъапІэ

Загрузите в App Store

ДОСТУПНО В Google Play